

Kesyon Ak Repons Nimewo 4

64-0830E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Bonswa, zanmi m yo. Mwen te fèk ap pale ak chè pastè, frè nou. Mwen...Mwen kwè gen kèk ki t ap tann ke m pa t rive atenn; m te jis pa t ka ale pi lwen. O, lala, mwen sitèlman alanvè ak vizyon sa yo. Ou wè? E te gen anpil, apeprè kenz oswa ven apremidi an, e sa te jis mete m an myèt moso. M te jis ap pran on tikras pasi e pala. Mwen te soti; m te di; "Frè Neville, sis-i w ka pran devan, ou mèt vanse; m vle chape poul mwen pou al lakay." Mwen te di, "Mwen jis sou pwen tonbe atè, menm kè m ap palpite, ap bondi." E m te di, "Mwen-mwen...se jis apèn si m ka sipòte."

2 Li te reponn, "Frè Branham, moun yo ap mande m si w ka fin reponn kesyon sa yo." Kifè mwen-mwen-mwen pa vle janm abandone pòs travay mwen. Mwen apresye Frè Neville. Petèt pandan kèk minit m ap fè meyè sa m kapab. E mwen-mwen konnen gen...Billy te antre la; m te di, "Èske w te ramase yo tout?"

3 Li te reponn, "Papa, gen yon ventèn oswa plis ki ap tann-ki ap tann ankò." Kidonk mwen pat ka pran...Sa se yon trantèn sou moun biza jodi a, ak apeprè venn senk vizyon sa yo, kifè ou ka imajine w ki kote m ye. Konsa mwen-mwen vrèman fatige, jis reyèlman fatige mantalman. Men n ap priye, n ap kòmanse dirèk ak kesyon sa yo kote nou te kite a. Apresa kan m...Si m al Arizona ak bagay sa yo nan panse m, sa pral deranje m tout tan. Mwen va retounen byen vit, si Seyè a vle, pou pale sou sijè sa yon jou osito sa posib, sou fason kòrèk maryaj ak divòs. Annou priye.

4 Chè Bondye, Ou konn kè mwen, e Ou konn santiman mwen; Ou konn tout bagay sou mwen. Mwen priye, Bondye; gen anpil moun...mwen jis te kenbe yo twò lontan, Seyè; gen twòp pam

sa yo. Men mwen gen sitèlman rekonesans dèské m pa kwè gen yon sèl moun ki te antre jodi a ke sa pa t ede. Mwen kwè yo chak te soti kontan e satisfè. Bagay m pa t ka reponn mwen menm, Ou te desann nan vizyon epi W te revele nan vi yo (genyen ki la, anpil nan yo, kounye a menm k ap tande sa e ki konnen ke se laverite), e Ou te revele pou yo bagay nan vi yo ki te lakoz bagay sa yo rive. Yo konsyan, Seyè. Pa gen fason nan mond lan pou m te konn sa san èd Ou.

5 E mwen priye, Pè Selès, ke menmsi mwen fatige, mwen kontan ke m se sèvitè Ou. E mwen priye ke W beni sila yo ki kanpe , anpil ladan yo ki te vle antre. Mwen–mwen–mwen gen konfyans, Bondye, ke yo va–ke yo va pran swen yo, gran Sentespri W la va ba yo kèlkeswa sa yo bezwen an.

6 Ede m fini ak kesyon sa yo, chè Bondye, oubyen ede m fè mye ke m kapab avèk yo, pou ke kesyon pèp Ou a ka reponn. Mwen te mande yo pou yo te ekri yo. Yo te ekri yo, e mwen te oblige eseye reponn yo pou yo. Kidonk mwen priye ke W va ban m fòs pou m kapab akonpli devwa m pou Ou e pou pèp la. Lan Non Jezi mwen priye. Amèn.

7 Kounye a, n ap kòmanse dirèkteman kote nou te kite maten an. Gen nan sa yo m ka paka li, paske sa...mwen on tijan anwe, poutèt m te pale lontan. Konbyen moun ki te pase pa disènman an jodi a ki vrèman apresye Bondye ki t ap ba w sa...? Ou wè? Sa se meyè a nan tout, se jan de sèvis sa yo. Bagay ou vle konnen ak bagay ki te kache nan vi w ki revele epi devwale.

8 Epi–epi sonje, anpil nan bagay sa yo...Bon, anpil lan nou konnen gen bagay ki anbarasan ki te di e ki te soti, men pèsonn pa t janm konn sa ke mwen menm ak Bondye. E sa yo te di w la, sa dwe rete ant ou menm ak Bondye; jis kite sa trankil. Epi...Konbyen lan nou ki konnen ke Seyè a te revele bagay ki te ...ki te fèt, pou ede w? Leve men nou si se te sa. Ou wè? M pa menm konn moun yo, anyen sou yo, men Li Menm–Li Menm te fè sa.

9 Kounye a, annou antre nan kesyon yo jis osi vit ke posib la pou wè si nou ka pran...Gen yon lòt tou ki la kèkpa. Ki di, "Nimewo twa." Mwen kwè se yon lèt; se sa, se jis yon lèt. Eksize m. M ap etale yo la pandan m ap vin sou yo, e mwen panse...Wi, mesye, sa se yon lèt tou. E sa di, "Kesyon," men mwen kwè se yon lèt, on kesyon nan yon lèt. Non, se pa sa, se yon kesyon

konsènan yon sonj. Dakò, m ap li sonj lan, e apresa m ap wè si Seyè a ap ban m entèpretasyon an, epi ba ou li jis jan m kapab. M panse ou gen adrès pa w. Ann wè si li la; si l pa la, m ap mande w bay adrès ou, moun ak kesyon sa epi—epi sonj sa. Non, ou pa t mete l.

10 Nenpòt moun ki te ekri lèt sa (li gen yon...sa te jis adrese a mwen), bay Billy adrès ou, konsa pandan m sou wout mwen pou al Arizona, mwen va al nan dezè a pou priye. E si L ban m entèpretasyon an, m ap konnen ki kote pou m ekri (ou wè? San sa la pou bay entèpr-...) si L bay li. Men mwen pa p di l sof si sa fèt, paske se sèl fason pou m fè l; alòs mwen konnen sa ap kòrèk. Bon.

376 Èske Lepouz, sila yo ki kwè Mesaj sa, prale nan Iwès, yon lè konsa pou rasanble la, mwen vle di?

377 **Epi èske** (Bon, tann on minit, sa se...mennen...Jis on segonn. O! Non, se pa sa, sa ekri “R-e-v.” Mwen te panse...Se Apokalips chapit, epi sa sanble “Rev. Capps,” e mwen—mwen te jis on tijan –on tijan gen konfizyon sou sa. Se...Si w ka wè, sèten li sanble sa. Ou wè? Se te “Rev. Capps” e apresa sa te pran devan la...Non, se kòrèk.) **Èske Apokalips chapit 12, ap pale de Lepouz?**

11 Non! Kounye a, èske Lepouz yon lè konsa pral nan Iwès, yon lè konsa! Pa dapre sa m konnen; Lepouz inivèsèl, toupatou nan mond lan. Bon, tout moun ki konprann sa di, “Amèn!” [Asanble a reponn, “Amèn!”—Editè a.]

Pe enpòt kote w ye, kote w mouri, kèlkeswa sa l ye a, si w mouri nan Kris, Bondye ap fè w tounen avè L. Pe enpòt si yo te boule w, devore w, detwi w, kèlkeswa sa l ye a, Bondye ap fè w tounen avèk Kris kan L ap vini. Ou pa oblige rasanble nan Iwès oswa nenpòt kote a. Kèlkeswa kote Seyè a kondwi w...

12 Malgretou, si w santi tankou ou vle al nan Iwès, pèmèt mwen rann sa jis vrèman klè kounye a, anvan m deplase. Bon, kifè... (Èske y ap anregistre mesaj sa? Y ap anregistre? Dakò.) Pa kite m di w kote pou w ale. E si w santi tankou w vle al nan Iwès, Ale nan Iwès. Si w santi tankou pou al nan lès, nò, Iwès, sid, ale kote Seyè a kondui w. Tout moun ki konprann sa di, “Amèn!” [Kongregasyon an reponn, “Amèn!”—Editè a.]

13 Mwen pa p eseye di yon moun kote pou l pa ale. E si w al Tucson, Arizona, kote m ap viv tanporèman kounye a...Jan m te di nou maten an, mwen sonje lakay san m pa gen vrèman yon kay pou m ale. Mwen ta swete m ta gen yon moun, yon kote ke m ta ka rele lakay pou ale. Si, aswè a, m ta gen dimil dola epi m ta ka bay plas la pou...bay li gratis pou yon kote ke m te ka di, "Sa se plas mwen vle rele lakay la," mwen t ap bay li gratis. Mwen pa gen ankenn plas.

Frè Fleeman, mwen jis...ou konnen m depi m te yon ti gason; mwen—mwen—mwen se yon pye poudre. Piga w janm vin yon pye poudre; jwenn yon kote ke w renmen epi tabli w; ret tann Seyè Jezi a.

14 Men si w vle al nan Iwès nan Tucson, Arizona, kote m ap viv, ou byenvini; m t ap kontan genyen w. Ou se frè m, sè m. M t ap fè nenpòt bagay nan mond lan pou ede w. Epi—epi nou tout ki te ale la, m te eseye fè sa k mye pou m te ka fè w santi ou byenvini, epi montre w tout sa m te konnen, m te konn fè vire won avè w, fè tou sa m kapab. Nou toujou byenvini.

15 Men si w ap vini anba kondisyon sa yo, pou ap panse ke Lepouz oswa yon bagay ap monte ale apati de Tucson, Arizona, e la sèlman, ou gen tò. Piga w ale pou sa, pa vini pou sa, paske se yon erè. Se pa kòrèk.

16 Kounye a, Apokalips chapit 12...Men jis yon bagay Seyè a revele m oswa pale avè m tankou...Mwen jis depann de vizyon sa yo (ou wè?), e sa on jan difisil pou w pa konsidere l. Ou wè? Men ta sanble L ap pale avè m ankò pou repete ankò plis zafè al nan Iwès la.

17 Bon, jan m te di l anvan an, mwen pa ale laba jis pou al laba, m al laba poutèt mwen kondui pou m al laba. Men pou zafè rete laba, rann li kay mwen, mwen kwè sa a fo. Non, mwen pa kwè sa ap fèt men se va jis pou yon ti tan tou kout jiskaske bi ke Bondye te voye m laba pou li a va akonpli. Mwen pa ka di nou la poukisa m prale, men m patap ale jis pou ale.

18 Yo te mande sa nan yon kesyon lòt jou: "Nou konn poukisa ou te ale Arizona premye fwa a, se te pou Zanj sa yo ki te parèt. Poukisa w te retounen dezyèm fwa a?" Nou sonje ke kesyon sa te li?

19 Konbyen moun ki sonje lè m te retounen apresa epi m te la devan Doktè Lee Vayle (mwen kwè li nan biling lan kèkpa) ak madanm mwen? E mwen t ap pale de Arizona epitou konsènan nou menm ki ap rete isi a, e men yon men ki te vin sou mi an ak limyè epi li te ekri an lèt, "Retounen an Arizona." Konbyen moun ki sonje sa? Se poutèt sa m retounen la. San m pa konnen poukisa m te retounen, e lè m te rive la, alò Li te revele poukisa mwen te dwe retounen an. Si m devwale I, alò Satan ap bloke I. Men li pa konn kè mwen. Li pa Pawòl la, kifè li pa konn kè mwen. Men si m pale sa, lè sa li tandem I. Kidonk kounye a, sonje sa.

20 Bon, lòt jou lè m te di, m te on jan fè sa...sa te ka petèt fè w gen movèz enpresyon; mwen te di, "Piga nou vini an Arizona." Ou wè? Mwen pa t vle di vrèman, "Piga w vini" Sa m te vle di se te: Si w pouse pou w vini, avanse epi fè I, si w pouse pou al Californie, Arizona, kèlkeswa kote w vle a. Men si w pral la, pou di, "Frè Branham, mwen pral la, poutèt mwen kwè ou pral rete la pou preche Pawòl la," mwen kwè ke w gen tò la. Ou wè? Kote m ap preche se, se drèt isit la nan tabènak la; men plas la.

21 Mwen pa gen yon sèl sèvis an Arizona. Epi mwen an Arizona ke jis pou kèk èdtan. Mwen pa t gen...Mwen te gen yon rankont Òm Dafè apre Nowèl, joudlan, nan Phoenix. Se tou sa m genyen; mwen te pwomèt sa, anyen lòt.

22 Pwochèn rankont mwen, osi lwen ke m konnen, se drèt isit la nan 8tyèm e Ri Penn nan Branham Tabènak la. Mwen gen trant a karant sijè ke m konnen ki ka pran yon semèn oswa de alafwa pou pase atravè yo, ke mwen gen sou kè m pou m preche isit la nan Branham Tabènak la, drèt isit la nan Jeffersonville, Indiana.

23 E kounye a, si nou vle vrèman ale yon kote pou rete avèk Pawòl la, kote Mesaj nou an...E Mesaj nou an pa diferan, se menm Mesaj la ou te tandem tout vi w la, sèlman kèk bagay an plis te revele sou Li. Mesaj sa se menm Mesaj ke Litè te preche, se menm Mesaj ke Wesle te preche, se menm Mesaj ke Pannkotis yo te preche, sèlman gen kèk bagay ki te ajoute a Li. Kisa sa ye, se revelasyon So yo, sa refòmatè yo te mete de kote (ou wè?), sa k ap revele nan jou sa pa t ap ka revele lè sa. Mesaj Pannkotis la pa t kab revele nan jou Litè oswa Wesle; sa te dwe tann jiska aj Pannkotis la. Men aj Pannkotis la pa anyen ke jis yon aj Litè pi avanse. Menm jan ak mayi ki ap pran matirite oswa yon lòt bagay konsa, se konsa pou legliz.

24 Si m ta gen pou preche aswè a, si m ta gen pou preche sou sijè, ki make la nan Bib la, "Pye Viy Rezen ki te transfere soti nan peyi Lejip ale nan Palestin lan." Konbyen pamí nou ki te janm konnen ke Bondye te di ke Izrayèl se te Pye Viy Rezen Li? Alò m t ap refere m apati de sa a Jezi ki se Pye Viy Rezen an. E kounye a Legliz te transfere apati de mond lan, li pa tabli nan pousyè, men nan Kris, ki dwe pote fwi. Ou wè? E se t ap sa mesaj mwen pou aswè a si m ta dwe preche. Men m te panse m ta fè mye pran kesyon sa yo, konsa m te jis pase sou sa. Mwen va pran sa petèt lè m va retounen.

25 Apokalips chapit 12 pa pou Lepouz. Apokalips chapit 12 (Mwen pa t gade I men m konnen I), se fanm ki kanpe debou nan solèy la ak lalin lan anba pye I. Lalin lan reprezante lalwa; fanm lan reprezante Izrayèl, legliz; e douz etwal sou fwon I yo se te douz apot yo, douz aj legliz, e latriye, ki te jis pase. Ou wè? E solèy la te sou tèt li. Sa ke ou wè, lalin lan se lonbraj solèy la, tankou lalwa te lonbraj bon bagay ki ta pral vini yo. E fanm sa se Izrayèl, pa Lepouz.

Bon m pap pran twòp tan, paske mwen dwe pase yo.

378 Women 7: 14-18, "Nou konnen ke lalawa espirityèl: men mwen menm mwen chanèl, livre anba peche. Paske sa m ta vle fè a-se pa li: paske sa m ta vle a, se pa sa m te fè; sa m rayi a, se sa m fè. Alò si m fè sa m pa vle a, mwen (k-a-p-...) sou-anba lalwa, admèt lalwa, ke sa bon. Bon la, se pa mwen menm k ap fè sa, men peche a ki abite nan mwen." Bagay sa mwen pa ka konprann li.

26 Ebyen, yo te ekri Ekriti a; Se Pòl k ap pale ak Women yo. La li te di...Kite m jis on jan poli li pou w kapab wè I. Li te di, "Anndan m gen de moun: youn vle m fè byen an; lòt la vle m fè mal la. E chak fwa m kòmanse fè byen, alò mal la vin nwi mwen."

27 Konbyen lan nou moun ki te pase entèvyou apremidi an ak maten an ki te viv menm bagay sa (ou wè?) menm bagay? Mwen te pale sou sa maten an, pandan on ti tan.

28 Ou se yon nonm eksteryè ke sis sans yo kontwole; ou se yon nonm enteryè ke yon sèl sans kontwole ki se lafwa. E lafwa sa pa dakò ak tout sis sans yo si sis sans yo pa an amoni avèk lafwa. Youn kontrè ak lòt. Kounye a, osi lontan ke sis sans yo an amoni ak lafwa, se mèveye; men kan sis sans yo pa dakò ak lafwa, alò kite sis sans yo trankil.

29 Bon, pa egzanp la, Jezi te fè yon deklarasyon, yon pwomè. Nonm enterè a di se vre; nonm eksteryè a ap rezone kòmkwa sa paka vrè pou ou, alò blyie nonm eksteryè a e aksepte nonm enteryè a. La, se menm bagay la ke Pòl ap pale. Li te anba lalwa ak peche chanèl. Nou chak se menm bagay la. Se poutèt rezon sa nou se...nou gen twoub nou yo, zafè marye kat ak senk fwa, epi sesi, ak *sel/a*, ak...tout sòt de peche, ak adiltè, ak tout lòt bagay pandan tout vi nou, se akoz de bagay sa yo. Nou chanèl, e pati sa dwe peri; men apresa, a lenteryè, nou se yon nonm espri, nanm ki anndan an, e sa se lafwa nan Pawòl Bondye a; alò nou mennen kò eksteryè a an soumisyon a Pawòl la pa lafwa, pandan n ap aksepte sa Bondye di.

30 Kouman m ka fè pran yon pikan chadon pou fè I tounen yon gress ble? Se enposib pou mwen pou m fè sa. Sèl fason sa ka fèt se akoz enteryè pikan chadon sa te transfòme de yon pikan a ble...yon pikan chadon a on jèm ke yo rele "ble lavi." Lè sa ou antere pikan chadon sa, e li va pwodui yon gress ble (se vre. Ou wè?), paske te gen vi yon ble ki te mete nan pikan chadon an. E vi pikan an te soti; men nati pikan an toujou ap pike (ou wè?), e sa ap kontinye jiskaske nouvèl vi a fin devlope nèt soti nan tè a epi resisite ankò. Kan I soti, alò se pa pikan an ditou, men ble a—men ble a. Men pandan li isit sou tè a epi...nan...soti nan tè a...E on pikan chadon, li toujou ap pike, men li gen alenteryè nati ble a.

31 E osi lontan ke ou nan vi sa, w ap kontinye ap pike e w ap gen yon nati chanèl k ap deranje w osi lontan w ap viv; men anndan ou, ou ne de novo. E kan w resisite, ou vin sanble ak Kris e tout peche pati kite w. Ou wè? Se sa—se sa bagay la ye.

32 Nou pèmèt mwen di sa? Sa sonnen tankou se yon blag. Yon Endyen...Yo se moun trè dwòl. E mwen...Yo pa dwòl; yo biza pou nou; men sanble yo kòrèk pou yo menm. E si w vin abitye avè yo, yo kòrèk. Yon fwa yo te mande on Endyen se kilè li te sove...

33 Mwen sonje youn nan Phoenix, Arizona. Billy ta pral desann pou distribye kat priyè. Li te jis kanpe la ap distribye kat priyè. E moun sa yo ki te ka te konn monte la pou pran kat priyè yo...Pandan ke—ke moun byen pòtan yo te sèlman ak mal tèt, mal dan, oswa yon bagay ki pa t va ak zòtèy yo, yo te pran—yo te pran kat priyè a, Frè Ruddell. E lè—lè yo te fè sa, apresa nan liy priyè a, tout sa m te genyen, se te yon moun ak on mal tèt, yon moun ki te gen yon bagay mal ak zòtèy li, ak yon bagay konsa. E poutan te gen moun la ki t ap mouri ak kansè ak lòt

bagay ki pa t nan liy priyè a. Mwen te di, "Billy, desann la epi mande moun sa yo kisa k pa mache avèk yo. E si yo pa atenn de kansè, oswa kèk maladi tèrib, oswa yon bagay ki pral touye yo, piga w ba yo kat priyè sa yo. Mennen moun sa yo anwo a la nan liy priyè sa ki pral...moun ki prêt pou mouri si yo pa jwenn èd Seyè a. Kite lòt yo jis ap tann. Fè sa yo antre nan yon liy priyè rapid oswa yon bagay konsa. Men pèmèt ke moun ki prêt pou mouri yo..." Mwen te di, "Mande yo."

Li te reponn, "Ebyen, ou te di, 'Jis melanje kat yo epi distribye yo.' Se sa mwen t ap fè."

Mwen te di, "Men ou kite moun sa yo pase devan yo, e yo...Pòv moun enfim sa yo ak bagay konsa yo paka jwenn."

"Dakò, m pral fè sa."

Li te desann; te gen yon vye Endyen (e yo trè biza), li pap chita sou yon chèz. Yo te ba l on chèz, men li te chita atè nan tant li. Li te gen yon chapo; li pap retire l; li te gen yon plim kole dèyè chapo a, li te jis chita la.

Billy te mache al jwenn li, e li te pase pre l, e li te di, "Ou vle yon kat priyè?"

"Hmm."

Li te mande l, "Kisa k pa va avè w, Chèf."

Li te reponn, "Mwen menm malad!"

Li te mande l, "Men kisa ki pa va avèk ou?"

Li te reponn, "Mwen menm malad!"

Li te di l, "Men m vle konnen kisa ki pa va avèk ou!"

Li te reponn, "Mwen menm malad!"

34 Se tout sa li te reyisi soti nan li, li te di, "Dakò, m ap tounen apre on ti tan." Kifè Billy te ale pou ap kesyone moun yo. Vye Endyen an te kontinye ap obsève lo kat priyè a ki t ap vin pi

piti e pi piti. A chak fwa Billy te soti yo nan pòch li yo te vin pi piti. Kifè apre on ti tan, vye Endye an leve, e li te avanse, pou bay Billy on ti tap sou do l pou fè l sonje ke l te ladann tou. Li te di-li te di, "Chèf, kisa ki pa va avè w?"

Li te reponn, "Mwen menm malad!"

Li te di, "Ebyen, Chèf, ou oblige di m. Papa di pou m pa bay kat sa yo a moun ki ta...gen jis, tankou mal vant, mal tèt, ak bagay konsa. 'Distribye yo a moun ki vrèman malad.'" Li te mande l, "Kijan de maladi ou genyen, Chèf?"

Li te reponn, "Mwen menm malad." Li te fè l chita ankò e anvan li...kat li yo te vrèman sou pwen fini. Kèk minit...Li te kontinye ap obsève kat sa yo. Li te retounen ankò epi ba l on ti tap. Li te lonje men l. Billy te depoze kat la nan men l, li te di, "Chèf, al ekri sou li, 'Mwen menm malad.'"

35 Li te antre nan liy priyè a, e mwen t ap priye pou li, e m te di, "Èske w kwè Chèf?"

Li te reponn, "Se kòrèk."

E m te di, "Ebyen, ou kwè Bondye ap geri w?"

Li te reponn, "Se kòrèk."

Mwen te di "W ap vin yon bon gason?"

Li te reponn, "Se kòrèk."

Mwen te rankontre l apeprè yon semèn pi ta. Mwen kwè Frè Fred Sothmann te la. Se te kan yo...lè reyinyon anba tant lan t ap fèt la. Se te nan Phoenix. Mwen te rankontre l on ti jan pi ta nan semèn lan; m te di, "Èske w byen, Chèf?"

Li te reponn, "Se kòrèk." M te fin pa dekouvi, m te pale a...Ki non misyonè sa anwo a la, nonm aje sa avèk yon moustach blan, anwo a la bò kot Apach yo? Mwen paka sonje non l. O, li se yon vye bonòm janti. Madam li te geri de kansè, nou sonje. Li te di, "Frè Branham, se tout sa li ka di." Li te di, "Mwen te aprann li di, 'Mwen menm malad.' Se sèl bagay li te ka di, 'Se kòrèk.'" Kidonk se—se apeprè sa, ou wè. "Se kòrèk. Mwen menm malad!"

36 Yon moun te di m, yon fwa, ke l te gen, li te konvèti, te resevwa Sentespri a, epi li te di l,
“Kijan w ye?”

E li te reponn, “On tijan byen epi on tijan mal.”

Li te mande l, “Ebyen, sa sa vle di on tijan mal epi on tijan byen?”

Li te reponn, “Ebyen, depi m fin resevwa Sentespri a,” li te ajoute, “gen de chyen
anndan m, youn ladan yo se yon chyen nwa e lòt la se yon chyen blan.” Epi li te di, “Y ap fè
diskisyon tout tan.” Li te di, “Y ap jape epi batay youn kont lòt.” E li te ajoute, “Chyen blan an
vle m fè byen; chyen nwa vle m fè mal.”

Li te di, “Ebyen, Chèf, kiyès ladan yo ki ap genyen batay la?”

37 Li te reponn, “Sa depann de kiyès Chèf la nouri pi plis la.” Kidonk mwen kwè ke sa se yon
bon repons la. Ou wè? Sa jis depann de avètisman kò sa ki nan ou a; sa depann de sila ke w
pran swen an, ki nati w ap pran swen an, nati chanèl la dapre bagay mond lan, oswa nati
espirityèl la dapre bagay Bondye yo. Se sa ki fè li.

38 Wi, se nan direksyon Sentespri a. Si w se yon pitit gason Bondye, oswa yon pitit fi Bondye,
kèlkeswa sa w ye, lè w te resevwa Sentespri a, lè sa a, Sentespri a dirije w pou fè bagay sa
yo.

39 M pa gen tan. M jis swete m te kab rakonte nou yon ti istwa. Chak fwa mwen panse a li, M
jis pase sou sa. Men, mwen panse ke sèl sa a pa pral plis ke jis yon minit.

40 Se te anba a nan Meridian, ki nan Misisipi. Anpil nan nou, Initè yo, Frè Bigby t ap òganize...
t ap parene reyinyon m yo, li se yon frè Initè. Epi yon swa nan yon reyinyon, Billy Paul te al
nan estad la e l te distribye kat lapriyè. Oh, lapli t ap tonbe fò. Epi moun yo te kanpe deyò ak
parapli ak bagay sa yo. Epi Billy te bay kat lapriyè, epi te gen yon... E answit li te vin kote m.
Epi pandan ke te gen...pandan ke l te vin kote m, te gen yon ti dam ki te chita devan an, e te
gen yon lòt dam k ap pwonmnen ak yon ti bebe, ap eseye kenbe l frankil. E ti dam sa a ki te
chita la ak yon ti rad kalico sou li, nenpòt kisa l te ye a, li te yon manman tou. epi li te wè dam

Ian, epi Sentespri a pale ak madanm nan, yon bagay monte sou kè l pou, "Al priye pou ti bebe sa a."

41 Li di: -Ebyen, pwochèn fwa ke l pase, m' va priye pou li. Epi lè l pase ankò, dam nan te kenbe yon kat lapriyè. "Oh," li te di, "Mwen—mwen pa t kab priye pou ti bebe sa a." Li te di: "Frè Branham pral priye pou ti bebe sa aswè a. Epi kiyès mwen ye pou m priye pou ti bebe a si Frè Branham pral priye pou li?" Ebyen, sa te montre respè, e sa te janti, men sa pa toujou vle di volonte Bondye. Pafwa se diferan. Sentespri a te kontinye di l: "Al priye pou ti bebe sa a." Finalman, li te panse, "Dam sa a pral kareman refize m. Lè l konnen ke l gen kat lapriyè sa a, li pa ta vle m priye pou ti bebe a. Manzè te mennen ti bebe sa a isit la, pa pou m priye pou li, men pou Frè Branham priye pou li." Se konsa , Sentespri a te kontinye di, "Al priye pou ti bebe sa a." Finalman li te di, "Oke, pou soulaje konsyans mwen m ap jis di ... Mwen pral ba l chèz mwen an." Kidonk li te di, "Cheri (yon ti manman k ap pale ak yon lòt), ou ta vle...? Ou gen yon ti bebe," li te di, "èské w ta vle, vin chita la a, pran plas mwen an?" Li te di, "O, cheri, m pa vle pran plas ou a." Li te di: "M ap eseye kalme ti bebe a." Li te di, "Men ou sanble tèlman fatige e san fòs." Li te di, "se vre." Li te di, "Oke, chita la a epi pran plas mwen an." Epi li di: "M wè ou gen yon kat lapriyè. Petèt ou...Frè Branham pral priye pou ti bebe w la?" Li te di, "Nou espere ke y ap rele nimewo sa a." Epi l te di, "Bon, mwen menm tou." Li di, "Sè, ou se yon kretyen?" Li di, "O, wi!" Li te di, "M se yon kretyen tou." Epi li di: "Depi m chita la a, Lespri Senyè a pede di m: 'Priye pou ti bebe sa a'. Èské sa pa p ba w pwoblèm? M konnen Frè Branham pral priye pou ti bebe sa a si yo rele l. Epi w ap jis kenbe kat ou a, l ap vin pran l." Li te di: "Men, si m mete men m sou ti bebe a, e jis fè yon ti priyè pou m ka santi m pi byen, epi libere m de sa k ap pede di m sa a, èské sa ap ba w pwoblèm?

42 Li di: "Poukisa, vrèman pa. Ou mèt priye pou ti bebe a." Epi se te yon ti bebe ki vin ble, e konsa ti dam nan te priye pou li. Li bay dam nan chèz li a, li monte nan twazyèm balkon la epi l te kanpe. Gen kèk frè kretyen ki la anlè, ki janti ase pou leve epi bay dam sa a yon chèz, kidonk li te chita.

43 Apeprè yon demi èdtan apre, mwen antre nan reyinyon an, m te pale pou kèk minit, m te rele kat lapriyè yo; ep dam sa a te twazyèm oswa katriyèm nan liy lan ak ti bebe sa a. Apre

sa, li monte la, epi l di, "O, mèsi, Seyè. Kounye a, mwen te tèlman gen pitye pou ti manman sa a, mwen kwè ke ti bebe a pral geri kounye a, paske Frè Branham... Jis twazyèm oswa katriyèm lan, li pral rive sou sila sa a." Li di: "Mèsi, Senyè," ti manman an te kanpe la a, li gen santiman sa a pou ti bebe a. Se sa.

44 Finalman lè m monte la a, mwen te kòmanse priye pou ti bebe a, lè dam nan monte, ebyen, m gade l epi m di l, "Koulye a, ti bebe w la se yon ti bebe ki vin ble. Ou mennen l isit la pou fè priye pou li. Epi kounye a, non w se Madanm konsa, epi ou soti tèl-e-tèl kote; men ti bebe a déjà geri. Te gen yon dam ki te gen yon fado sou kè l ki rele Madan Entèl-Entèl, ki chita anlè a nan balcon an; (li se premye moun ki nan fen katriyèm ranje a nan twazyèm balkon an), Li te priye lapriye lafwa pou ti bebe a; epi ti bebe a te déjà geri." Li jis prèske tonbe anba chèz li. Ou wè?

45 Kounye a, e si l pa t fè sa? Ou wè sa m vle di? Koulye a, dam sa a ta gen plis kè fè mal pou ti bebe sa a, ke yon manman gen pou yon ti bebe pase mwen menm. Ou wè? Epi manman an antan ke... Ou wè?

46 "Èske nou tout ka fè mirak?" Wi. Lè ke w te dirije pa Sentespri a pou fè mirak, al fè l, paske se Lespri Sen an ki te dirije w.

47 Kounye a, si madanm sa a pa t egzekite sa Bondye te di l la, petèt li ta gen yon reprimand Lespri a (ou wè?), epi li t ap dezobeyi a Bondye. Toujou, si w se kretyen epi w te pouse pou fè yon bagay, ale fè l. Ale fè l; pa doute; ale fè l. "Mwen ta renmen poze yon kesyon. Èske...?" Men yon lòt nan yo, oswa m te pran l pa erè... ya, mwen... Sa a se youn nan sa maten an. "Fanm k ap mete pijama yo, èske se rad pou gason?" Li dwe te melanje la a ak lòt yo. "Frè Branham, èske se Bondye ki t ap fè bagay la... èske se te Bondye... èske se te mwen menmm ki te fè bagay ki te rive lè kasèt la...?" Oh, wi, nou te gen bagay sa a maten an. Mwen dwe te melange kèk nan sa yo. Mwen te dwe chire yo, men mwen jis rayi fè sa.

380. Frè Branham, kiyès ki pral peple tè a andeyò Vil Selès la?

381. Eksplike zanj ki sou chak moun ki rete avèk yo depi yo fèt jiska lanmò yo.

Trè bon kesyon.

48 Mwen rayi pase akote sa yo; yo se bon kesyon. Epi mwen vle ke pitit mwen yo konnen bagay sa yo. Ou wè? "Koulye a, ki moun ki pral peple tè a deyò vil la ?" Deyò a, se pral rachte yo ki pral peple tè a, andeyò Vil la , men yo pa pral Lepouz ki aple e eli a. Epouz la pral viv anndan Wayòm nan ak wa a. Andeyò I pral gen wa d latè a k ap travay e k ap pote travay yo, k ap pote... pa travay yo, men pote fwi yo nan Vil la . Epi pòt yo pa pral fèmen nan lannwit.

49 Kounye a, sou...Koulye a, Limyè sa a ki sou tèt mòn lan pa pral klere lemonn antye, Li pral sèlman klere Vil la. Men yo ka wè L sou yon distans de milye de mil petèt; men Li p'ap klere tè a, paske Bib la te di, nan nouvo monn a, ki pati de depi saba a yon lòt epi soti de yon—soti de yon nouvèl lin a yon lòt (ou wè?) ki se moun k ap vin devan Senyè a nan Siyon, jiska Vil pou adore a.

50 E kidonk, yo pral andeyò Vil la , se pa Epouz la, men moun ki pral vin de dezyèm rezirèksyon an ki pral travay tè a, menm jan Adan te fè I la, elatriye, ak moun k ap okipe de jaden an. Men wa a ak rènn nan ap rete anndan vil la.

51 "**Eksplike zanj chak moun ki rete avèk yo depi yo fèt.**" Koulye a, si w remake... Kounye a, sa a vrèman pwofon. Ebyen, mwen pa janm... M jis ranmase I. Kounye a... yon pati nan li ekri a la machin epi lòt la se ak yon kreyon—oswa plim.

52 Kounyeya, gen yon Anj, men Anj Senyè a ki kanpe bò kote moun ki gen krentif pou yo... ki gen krentif pou Li. Ou wè? Kounye a, yo pat pwomèt ke pechè yo ap gen Anj, se sèlman moun ki rachte yo ki gen Anj. Èske w te konn sa? Anj Seyè a kanpe bò kote moun ki gen krentif Li.

53 Kounye a, Anj yo se mesaje. Mwen vle w remake ke se tèlman pafè, epi li pral pwouve w predestinasyon. Ou wè?

54 Bon, lè yon ti bebe ap fòme anba kè manman an...Epi nou menm timoun ki konprann bagay sa yo, gade, Senyè a te bay oumenm a manman w. Epi li te pote ou anba kè I, paske w pre kè I. Epi answit, yon jou Senyè a te desann epi li te detache w de kè manman, te separe w de kè I, men w ap toujou nan kè I.

55 Kounye a, pandan ke ti kò sa a ap fòme, ti kò natirèl la ap fòme nan manman an, gen yon kò espirityèl sou tè a ki pare pou resevwa kò natirèl sa a osito ke li fèt. Ebyen, tibebe a fèt ak misk li vivan, yon kè k ap bat, men pa gen souf lavi nan li. Se misk k ap kontrakte...Ou wè? Lè sa a, ou wè, si te gen yon bagay diferan de sa, si pa t 'gen yon lespri ki te gen pou antre nan li pita, alòs, souf nou te kab kite nou, epi nou pa ta respire ankò tandiske nou toujou vivan. Men, lè kò sa a pa resevwa oksijèn nan...oswa souf (enspire ak ekspire nan poumon nou), lè sa a nou mouri.

56 Kounye a, men lè manman an... Ti bebe a tonbe sou tè a soti nan kè manman an. "te tonbe," ou konprann sa m ap di a, ki fason mwen...rezon ki fè m ap di I konsa. Lè ti bebe a tonbe, kisa k ap pase? osito ke I parèt, si I pa kòmanse kriye, doktè a, fanmsaj la, oswa sa I ye a, ap tape I [Frè Branham bat men I—Ed.], detire I. Li dwe gen yon chòk, epi kisa k ap pase?

57 Remake, yon manman, li ka toujou mechan e malveyan, men jis anvan tibebe sa a fèt, gen yon sòt jantiyès ki antre nan li. L ap degaje ou jan de dousè; li toujou pran bagay ak jantiyès. Se paske ti anj sa a, ti lespri sa a, yon ti mesaje pou ti tabènak sa a pare pou I vin nan monn nan. Epi lè sa a, lè ti zanj sa a antre nan kò a (sa se yon ti zanj sou tè a, yon lespri Bondye te òdone pou pran kò sa a), alòs ti bebe a dwe gen yon chwa. Li pran desizyon li. Lè sa a, kan sa a rive, nan moman sa a, nou wè, Anj Seyè a kounye a antre la a, ki se yon kò espirityèl, ki Etènèl.

58 Sa a se yon lespri k ap mouri nan yon kò k ap mouri; men kounye a, ou pa ka nan de kò anmenm tan, men ka gen de nati nan ou anmenm tan. Kounye a, nati Lespri Senyè a...Lè w te ne de novo, ou pa fèt fizikman, tankou yon tibebe te fèt; Men, sa k te rive, nesans espirityèl la te vin a ou. Epi pandan ke nesans espirityèl sa a ap grandi nan kè w, Bondye, gen yon kò fizik oswa yon kò selès k ap grandi pou resevwa lespri sa a. Epi lè vi a kite kò sa a, li ale nan lòt kò a. Menm jan lè yo prezante kò a bay tè a, lespri a antre, epi lè lespri a soti nan kò a, nou gen yon kò k ap tann. "Paske nou konnen apre tabènak terès la fin fonn, nou gen youn ki deja ap tann." Ou wè? Se sa, kò espirityèl moun lan. Frè Branham... Koulye a, sa yo dwe yon... Gen yon pakèt nan yo la a, ki sanble omwen dis oswa kenz. Yo tout te ekri sou papye, menm

kalite papye, tape a la machin, elatriye. Mwen pral eseye rive sou yo osi vit ke posib. Nou ka kite nan ... osi vit ke n kapab.

382. Chè frè, èske Jezi pa ta aksepte adorasyon nan Apokalips Jan an lè I te tonbe nan... Poukisa Jezi pa t resevwa adorasyon an nan Apokalips Jan an lè ke—lè ke L te pèmèt adorasyon avan? Poukisa Jezi pa t resevwa adorasyon an lè Jan te vle adore L?

59 Chè frè m oswa sè m, nenpòt kiyès li ye a, se pa Jezi ki pa t vle resevwa adorasyon. Nan Apokalips 22:8, ou va li ke se te pwofèt, Anj lan, ki pa t vle resevwa adorasyon an. Lè Jan te tonbe ajenou pou I adore Anj ki te montre I bagay sa yo, li di: "Fè atansyon pou nou pa fè sa, paske m fè pati frè parèy ou yo. M se youn nan pwofèt yo." Ou wè, wè? "Mwen se frè ou, konpayon sèvitè ou yo, youn nan pwofèt yo; bay Bondye adorasyon." Se pa Jezi ki pa t vle aksepte I, se pwofèt la ki pa t vle aksepte I.

383. Chè Frè Branham, ki diferans ki genyen lè Jezi te soufle sou disip yo epi Li te di: "Resevwa Sentespri a," ak lè yo—lè yo te oblige ale nan chanm wot la pou yo tann?

60 Se te yon pwomès li te fè yo, li te soufle sou yo pwomès Li a, Li te di: "Resevwa Sentespri a." Se te yon pwomès. Yo te ale nan chanm wot la pou yo tann ke pwomès la akonpli.

61 Se menm bagay la tou lè nou enpoze w lè men pou w geri, apre sa ou kontinye ap regle biznis ou annatandan ke pwomès la reyalize.

384. Frè Branham, èske Jezi te chanje mask fizik la plizyè fwa lè L te parèt devan disip yo apre rezirèksyon Li?

62 "Èske Li chanje mask fizik Li a?" Mwen—mwen pa ta ka konn sa, paske m panse kisa I te ye, li pa t chanje mask li la a. Sa ke I te fè a, li te anpeche yo wè L oswa konnen L.

63 Menm jan ak sila ki te sot Emayis yo, yo te mache avèk li tout lajounen e yo te anpeche pou konn sa. Yon lè, yo wè yon nonm lòt bò riv la yon fwa k ap peche pwason kote yo te konn peche. Li di: "Ptit mwen yo, èske nou gen yon bagay?" Apre sa, yo di: "Nou pa pran anyen, nou te travay tout nwit lan." Li di: "Jete filè a lòt bò a." Epi li pran yon pakèt bann pwason, e lè

sa a yo te konnen ke se te Seyè a. Mwen panse se pa t mask Li ke L te chanje, mwen kwè se jis je pèp la te anpeche pou wè.

385. Frè Branham, ki diferans ki genyen, si—si genyen, ant Zanj Senyè a e Senyè a Li menm?

64 Zanj Senyè a se yon mesaje ki vin de Senyè a, e Senyè a li menm se Moun sa a, pa moun Anj lan, Anj ki vin deSenyè a. Kite m montre w. Nan langaj terès men yon anj ki vin de Seyè a. Nan langaj terès men yon Anj ki vin de Seyè a. Nan langaj terès men yon Anj ki vin de Seyè a. Ki jan n fè konnen lè sa a ke yo se Anj ki vin de Bondye? Lè yo pote Pawòl Seyè a. Men lè y ap eseye pèvèti L, se pa Senyè a lè sa a, ou wè, ou wè, eseye fè L yon bagay ke L pa di. Jis di nenpòt...

65 Apre sa gen yon Anj surnatirèl ki desann sot kot Senyè a, yon Mesaje tankou Gabriyèl, ak—ak Michael, Absent, elatriye, se non yo.

**386. Frè Branham, kisa k parèt mal nan jou n ap viv la, pou nou ki se kwayan e ap swiv Mesaj la ak mesaje pou jodi a, lè sanble ke w pa ka priye jan w ta renmen I lan?
Sa a se yon bon kesyon.**

66 Mwen kwè frè, sè, nenpòt kilès ki poze I la, se yon kòz kondisyon tan yo. Revèy la fini. Revèy la te dire anviwon kenzan, e li pa janm dire anvan plis pase twazan. Mwen kwè li te resevwa dènye revèy li. E mwen kwè se pou rezon sa a ou pa ka priye e santi Lespri a tankou ou te konn abitye a. Se paske dife revèy yo te etenn.

387. Frè Branham, tanpri eksplike kijan yon moun ka konnen si I ap panse pwòp panse I, oswa si dyab la ap mete panse nan tèt li pou fè I panse mal, sitou, si w konnen ke w pa vle panse yo.

67 Kidonk, si I kontrè ak Pawòl la, se panse dyab la. Si se annakò ak Pawòl la, se panse Bondye. Si se move panse, se dyab la. Si se bon panse Pawòl la ak Bondye, se panse Bondye.

388. Si ka sa a se petèt ke dyab la ap mete panse nan tèt ou konsènan yon bagay kèlkonk, ki jan yo ka simonte li oswa debarase de li?

68 Fè tou le kontrè de sa. Si dyab la fè w panse ke—ke—ke w se... Si w konnen w se yon kretyen, epi l ap eseye fè w panse ke w pa yon kretyen, jis fè le kontrè, e di, "Mwen se yon kretyen." Osi lontan ke eksperyans ou matche ak Pawòl Bondye a di, "Mwen se yon kretyen." Nenpòt lòt bagay, fè menm jan an. Lè w reponn konsa, tanpri priye pou mwen pou m simonte sa a, Tankou mwen pa poukонт mwen.

69 Ke Bondye akòde w viktwa w , kèlkeswa moun ou ye a. Se pou panse w jis al lòt kote a epi di, "Mwen se yon kretyen; Mwen se yon kwayan. Satan, ou pa ka retni mwen."

70 Franchman, mwen kanpe la a kounye a ap di menm bagay la, gade m pou m pa endispoze la a so chè a. Se vre. Kat oswa senk fwa mwen te prèske chavire sou chè a. Se laverite. Bondye konnen ke se vre.

71 Pran egzakteman opoze a. Si w toujou vle enpoze volonte pa w, tankou yon timoun gate ki toujou vle yo aji selon sa k nan tèt li, alò vire tounen drèt epi pran direksyon opoze a ak tout kè w. Si w egoysis epi w vle kenbe tout bagay pou ou, alò kòmanse bay sa w genyen. Ou wè? Fè tou sa... Jis ale nan direksyon opoze a. Se fason sa pou venk tout bagay, se yon antidòt.

72 Ou te...Vye manman m nan sid la te konn di: "Pwal ki sou do chyen an bon pou lè yo mòde l." E sa aplike pou sa a tou.

390. Frè Branham, nan ki reyisit nou ta dwe kite timoun pre adolesan nou yo patisipe? (Mwen mande w padon, se...) Ki aktivite timoun pre adolesan nou yo ta dwe patisipe. Epitou, ki jan nou ta dwe ede yo chwazi zanmi yo?

73 Kenbe yo nan konpayi Kretyen toutotan ou kapab. Kenbe yo ak... Si se yon ti fi, gade l ak ti fi ki Kretyèn; ti gason Kretyen yo, vis verssa. Si manzè gen laj ase pou l soti ak yon ti gason, asire w pou l frekante bon kalite ti gason an. Dekouraje li pou l frekante nenpòt ti gason, oswa ti gason an lè se yon ti fi. Si manzè ap soti ak yon moun ki pa kwayan, eseye ankouraje l pou l soti ak yon kwayan, e vis verssa. Fè lakay ou on bon kote. Fè lakay ou yon plas kote pitit fi w

oswa pitit gason w p ap wont mennen zanmi yo devan papa yo ak manman yo, ak nan kay yo. epi fè lakay la yon kote ki sitèlman gen lajwa ke yo va pran plezi pou yo rete lakay yo.

Oouououou, o la la, men sèt la youn apre lòt. Mwen p ap pati men jis kèk minit ankò.

391. Frè Branham, èske w te fè deklarasyon dènyèman ki di ke laj legliz sa fini, Lawodise?

74 Non, mwen pa janm di li fini. Si mwen te fè sa, ou te mal konprann, oswa mwen te di li mal. Se...Sa a se dènye laj legliz la; se nan fen laj legliz yo, Lawodise a. Li pokò fini; lè li fini, Legliz la pati. Kidonk toutotan Legliz la isit la, li pokò fini. Ou wè?

392. Paske laj legliz la fini epi li tonbe nan fènwa, yo rele Lepouz la, nou dej a antre nan peryòd tribilasyon an?

75 Non, non, non, ou...Mwen ta swete ke mwen te jis gen plis tan sou sa. Ou wè, ou wè? Lepouz la, lè yo fin fè L soti nan legliz la, lè sa a laj legliz la ap sispann. Lawodise tonbe nan dezòd; Lepouz la ale nan Laglwa; epi peryòd tribilasyon an kòmanse sou jenn fi k ap dòmi an pandan twazan edmi pandan ke Izrayèl ap resevwa pwofesi li; lè sa a, tribilasyon tonbe sou Izrayèl; epi apre sa se batay Amagedon an ki vini pou detwi tout bagay. Epi apre sa Lepouz la tounen ak Lepou a pou mil ane, nan rèy Milenyòm lan; apre sa se Jijman Twòn Blan an ki vini; lèfini Nouvo Syèl la ak Nouvo Latè ak Nouvo Vil la desann soti kote Bondye nan Syèl la. Letènite ak tan an melanje ansanm.

393. Sentespri a di ou ke twonpèt yo pa gen anyen pou wè ak Lepouz la. Èske Sèt Koup yo gen yon bagay pou wè ak nou?

76 M ap tann pou m wè si Sentespri a revele I konsa. Mwen pokò konnen.

394. Èske se pwofèt Malaki 4 la ki pral rele rès Moun Nasyon yo ki nan Apokalips 7:9 la, menmsi yo pase nan peryòd tribilasyon an?

77 Non, non! Apre Apokalips 7 la—la, se kote li te wè sankarannkat mil sele yo, epi apre sa li te wè k ap vini, gran foul moun sa ke pèsòn pat kapab konte ki te Lepouz la k ap retounen. Li pral gen...Malaki 4 la pral fini epi Lepouz la anlve, epi... Lè sa a, gwoup Eli ak Elize sa retounen

sou tè a pou...Legliz la ap pase nan peryòd tribilasyon an, men Eli ak Elize p ap gen anyen pou wè ak vyèj k ap dòmi an (yo se Moun Nasyon yo); Yo pral voye yo sèlman bay Jwif yo.

395. Èske Sèt Tonè yo ki egal a sèt mistè déjà revele? Èske yo te revele nan Sèt So yo, men nou poko—men nou poko konnen yo ankò kòm Tonè yo?

78 Non, yo te revele nan Sèt So yo; se avèk sa Tonè yo te gen rapò. Yo te dwe revele...Sèt Tonè yo ki te fè tandem vwa yo epi pèsonn pa t kapab konprann kisa sa te ye...Jan te konnen kisa li te ye, men yo te entèdi l pou l ekri l. Li te di: "Men, setyèm anj lan, nan jou li gen pou l sonnen twonpèt la, sèt mistè Sèt Tonè yo ta dwe revele." Epi setyèm anj lan se yon mesaje nan Setyèm Laj Legliz la. Ou wè?

396. Èske w kwè ke pafwa ti Lepouz vivan an ap rasanble yon kote ansanm epi mete tout bagay an komen, menm jan ak premye Lepouz la, petèt jis anvan vini Seyè Jezi a nan nyaj yo?

79 Bon, yo mande m èske m kwè sa. Mwen pa ka pwouve sa nan Lèzekriti, men petèt pral rive yon lè, petèt, mwen pa konnen. Ka gen jis... Ou wè? Si se ta sa, sa t ap endike ke Li trè pwòch, se t ap sitèlman... Li di: "Men L ap vini tankou yon vòlè nan mitan lannwit." Ou wè? L ap vini pou...Tankou liv sa a mwen te li sou Jilyèt... *Romeo ak Jilyèt*, Li vini epi—epi li pran Lepouz Li nan mitan lannwit. Li va anlve nan yon ti moman, nan yon bat je. Ou wè?

80 E gen anpil dout si sa pral konsa, paske Bib la di: "Pral gen de nan yon kabann; Mwen pral pran youn epi kite youn; epi de nan yon jaden, epi Mwen pral pran youn epi kite youn." Ou wè? Kifè yo pwobableman...Atravè mond lan, yo pa pral rasanble nan yon sèl kote pou yo gen bagay an komen. Men ti gwoup pami yo pral gaye sou tout tè a.

81 Mwen kwè, petèt si Seyè a pèmèt, sa a se yon ti gwoup ki fè pati de Li. Petèt gen yon lòt ti gwoup nan Lazi, youn nan Almay, youn yon lòt kote. Lè m te wè yon vizyon de Lepouz la lòt jou swa, yo te fòme ak moun tout nasyon yo. Ou wè? Kifè Lepouz la pa pral rasanble nan yon sèl kote, Li pral rasanble nan tout mond lan. E sa egzakteman jistifye ak Pawòl la, e Pawòl la pa janm fo. E jiska tan sa a, vizyon an pa janm te mal, paske li te selon Pawòl la.

397. Èske gen moun ki gen vrè batèm otantik Sentespri a nan lè sa a ki pa pral nan Lanlèvman Lepouz la? Èske ou ta vle eksplike sa? Di nou kisa nou ka fè pou ou nenpòt fason pou ede w aleje chaj la. Bon, èske sa pa janti? Ou wè?

82 Non, pa gen anyen ou ka fè kounye a.

83 Wi, vrè kwayan ki batize ak Sentespri a prale nan Lanlèvman. Natirèlman, yo chwazi epi yo rele yo pou yo soti. Vyèj k ap dòmi an pa t gen okenn lwil. Sila yo ki te gen lwil yo te antre, men yo...

84 "Kisa nou ka fè pou nou aleje chay la?" Wi, frè, sè, nenpòt moun ki ekri sa a, priye pou mwen; sa se pi bon bagay pou fè. Mèsi. Mwen pa bezwen lajan. Mwen... M resevwa ase pou pran swen mwen. M remèsyé Seyè a pou sa. Mwen pa bezwen rad. Pifò fwa moun ban mwen rad ke mwen mete yo. E zanmi m yo ak bagay sa yo ban m rad. Epi yo...Mwen gen ase lajan pou m bay fanmi m manje; se tout sa nou bezwen. Li sanble...Epi ou ka priye pou mwen alò, paske mwen sètènman bezwen èd espirityèl.

398. Li sanble pami minis Pawòl la, nou gen yon ti kras oswa okenn fado pou nou priye, pou nou preche, pou nou jène, oswa pou nanm ki pèdi ki ta ka toujou deyò yon kote nan mond lan. Tanpri èske w ta ka di nou sa pou nou fè fas a sitiasyon sa a? Mèsi anpil, Frè Branham, pou sa. Sa dwe yon minis. Li pa t siyen okenn non pou mo sa yo.

85 Frè...Mwen te oblige reponn yo lè m te bouke, fatige, epi m te on jan, ou konnen, pat santi m twò byen, kidonk mwen—mwen kwè ke sa reponn kesyon yo. Mwen—mwen di ou mèsi anpil e mwen—mwen bliye ke mwen ta pral reponn li.

86 Preche, yon minis, poukisa nou gen fado sa yo... pa gen fado pou nanm ki pèdi yo. Mwen kwè ke li se—se yon mank de revèy. Mwen kwè nou ta dwe toujou eseye priye Bondye pou l ban nou pasyon pou nanm pèdi jiskaske Jezi vini.

399. Frè Branham, èske w kwè tout moun ki gen Sentespri a pale an lang? (Non.) Mwen konnen ou di ke pale an lang—pale an lang se pa yon prèv ke yon moun gen Sentespri a. Mwen ta...Premye Korentyen 12:30, tanpri eksplike. Èske w ka pran Premye

Korentyen 12:30? Mwen panse: "Èske yo tout pale an lang?" e latrìye; Mwen pa sèten. Mwen pral eseye pran yon lòt pandan y ap reponn li.

400. Frè Branham, èske w ka eksplike Jòb 14:21 couple?

87 Wi. Jòb 14 di: "Si yon moun mouri, èske I ap viv ankò?" O, si yon moun mouri... Jòb, k ap pale de rezirèksyon an. Mwen panse mwen te gen sa lòt maten an, pa vre? Oswa èske se te lakay Charlie? Madan Cox te la yon kote. Jòb, li te wè flè yo ki jan yo mouri epi reviv ankò, men li te ale nan tè a epi li pa t kapab tounen. E alò yo te esplike I ke yon bagay te peche. Li te vle yon medyatè ant li menm ak Bondye, epi lè sa a li te wè vini Seyè a.

88 Kisa sa ye, frè? [Frè Branham gen yon konvèsasyon ak yon frè—Editè a.] Mwen panse ke se te Premye Korentyen 12:30. Wi!

"Eske yo tout pale an lang?" Se sa mwen te panse li te ye, men mwen pa t sèten, mwen te fatige konsa, men... Non! Yo tout pa pale an lang; yo tout pa entèprete; yo tout pa di sa. Epi answit chapit ki vin apre a menm: "Menmsi mwen pale lang lèzòm ak zanj epi mwen pa gen charite, mwen pa anyen." Ou wè? Nan lòt mo, Pòl te di yo: "Èske tout moun pale an lang? Sètènman, yo pa fè sa. Èske tout moun pwofetize? Non. Men, anvi seryezman pi bon don yo; e poutan mwen pral montre nou yon fason ki pi bon." Ou wè? Tout moun pa pale an lang.

Èske w pral gen yon lòt sèvis disènman anvan ou pati? Si non, èske li posib pou jwenn yon entèvyou pèsonèl?

Mwen kwè ke ou déjà gen youn. Bon, mwen pa gen twòp ankò. Kite m jis eseye pran yo si mwen kapab.

401. M sonje mwen te tande w te di ou te wè yon pòtrè tris yon zanj... yon èg k ap bat zèl li yo nan yon kaj, k ap lite pou I lib. Mwen gen yon manman presye ki nan sitiyasyon sa a. Li pa gen dwa kite twa ptit marye li yo vini lakay li pandan twazan, paske yo refize soumi a doktrin papa yo. Li se yon predikatè denominasyonèl. Manman an vle tande Mesaj nan tan lafen sa a, e mwen pa menm ka voye yon lèt ba li. Nan ki degre li dwe obeyi a sa? Èske gen yon bagay mwen ka fè anplis ke lapriyè?

89 Se ta sèl bagay mwen ta konnen. Mari l, se yon minis, li p ap kite l tande Pawòl la. Li vle tande Li, men li p ap pèmèt li tande Li, epi jis priye pou li. Mwen kwè ke fanm lan sove, natirèlman.

402. Frè Branham, èske se posib pou yon moun pèdi epi li fini nan lanfè si li rejte Limyè Pawòl la, menmsi li gen yon eksperyans otantik jistifikasyon ak sanktifikasyon?

90 Wi, mesye! Sa se egzakteman vre.

403. Lè w sèvi ak ekspresyon ke si nou pa kwè Pawòl la, n ap separe etènèlman ak Kris la, èske w vle di vyèj fòl yo ap viv etènèlman, men yo pral separe ak Nouvo Jerizalèm kote Kris la pral rete ak Lepouz la? Se moun sa yo ki pa gen Sentespri a, ki pa ne de novo jan Lekriti anseye l la. Si nesans natirèl la mande dlo, san, ak lespri, èske nesans espirityèl la pa mande tout twa etap lagras yo anvan moun lan reyèlman ne de novo?

91 Absoliman, mwen fenk sot eksplike sa maten an, menm bagay la, sou menm sijè a. Ou dwe gen tout etap yo. Ou fèt nan Lespri a, menm jan ak yon ti bebe ki fèt, nan vant yon manman, men li pa fèt jiskaske yo resevwa Sentespri a. Se vre. Se nan moman sa ou fèt. Ou pa konvèti, ou nan pwosesis pou ou konvèti, jiska moman sa a.

92 Se rezon ki fè yo pa t ka bay Luther tout gwo mistè sa yo, yo pa t ka bay Wesley yo, yo pa t ka bay laj ki fèk pase bò kote nou an, laj Pannkòt la. Poukisa? Se potko tan an. Yo te fèt. Kounye a, se Pèsonaj Kris la, Li menm, Fis de lòm lan (nou konprann?) k ap revele Tèt Li nan lachè imèn, sa pa t kapab vini anvan kounye a.

404. Lè Milenyòm lan kòmanse, ki jan enkwayan yo pral disparèt sou tè a?

93 Enkwayan yo pral desann nan peryòd tribilasyon an avèk vyèj k ap dòmi an, ak tout lòt moun sa yo (enkwayan, ak vyèj k ap dòmi), ak rès pèp Izrayèl la key o dwe retire.

405. Frè Branham, lè kèk nan...yon moun enève m oswa “mache sou zòtèy mwen (Sa a ta ka yon bon kesyon.) —mache sou zòtèy mwen,” jan ansyen pawòl la di, kolè m

monte; ki jan mwen ka venk bagay sa a? Mwen konnen ke se Seyè a ki gen pou fè I, men kisa m ka fè nan kè m? Mwen pa vle bagay sa a.

94 Rann tanperaman w dous ak lapriyè, answit pran yon desizyon. Gen... Mwen pa panse gen twòp moun nan biling sa a ki te janm gen yon tanperaman pi kolerik pase m pou kòmanse. O, mwen—mwen te konn ap mamote tout tan. Epi mwen—mwen—mwen te konn pran anpil nan manje m yo ak yon chalimo.

95 Manman m, kòm nou konnen, se te yon mwatye Endyèn, e papa m te yon llandè, yon llandè nan Kentucky an plis. E chak moun nan... Tou de te gen ase tanperaman kolerik pou yo goumen ak yon si won. Epi tout tan bouch mwen t ap mamote; Mwen te piti pou kòmanse. Epi yo te ka jis leve m epi frape m atè ak yon kout pwen. Apre sa, mwen te konn leve ankò; epi yo te konn frape m atè ankò ak yon kout pwen, jiskaske mwen jis pat kapab ... pat kapab leve ankò. Se te toujou konsa. Epi answit lè m te kapab leve, mwen leve kanpe ankò; yo te frape m atè ankò ak yon kout pwen. Kifè se jis fason sa sa te konn pase pou mwen.

96 Mwen te panse: "Mwen p ap janm ka Kretyen." Men, lè Sentespri a te antre nan lavi m, sa te fèt. Jamè ankò...

97 Mwen te gen yon fanm yon fwa; Mwen te oblige al koupe elektrisite a lakay li. E nan epòk sa a mwen te gen cheve sou tèt mwen. Li te di: "Espès de ti idyòt tèt di!"

Mwen te di li, mwen te di: "Madanm, ou pa ta dwe ap bay madichon konsa. O, èske ou pa gen krentif pou Bondye?"

Li te di: "Espès de ti idyòt tèt di, si mwen te vle yon moun pale avè m sou bagay konsa, mwen pa t ap pran yon enbesil tankou w."

"Oouou!" Alò li te ban m yon *veye non*, yon non *gwosye*. O la la, si se te yon lane anvan sa! Mwen te toujou di: "Yon nonm ki te frape yon fanm pa t gen ase gason sou li pou frape yon nonm," men mwen—mwen t ap kite sa tonbe petèt, lè l te bay manman m yon move non konsa. Men ou konnen kisa? Sa pat janm deranje m. Mwen te di: "Mwen va priye pou ou." Pa janm deranje... Mwen te konnen byen lè sa yon bagay te rive m. Wi mesye! O, la la!

98 Nou konnen sa m te konn fè ki mal lè m te timoun, m te konn goumen! M te manke touye senk gason yon fwa. M te pran yon fizi chaje ak sèz bal, e lè ti mesye sa yo te bat mwen paske mwen te moun Kentucky, san okenn lòt rezon ... Mwen pa t menm kapab leve tèt mwen. Youn te kenbe m nan men I konsa, epi lòt la te kanpe la ak yon wòch nan men I epi I t ap frape m nan figi m, jiskaske m te manke mouri. Pat gen anyen vrèman...

99 Yo te rele m "Ti Endyen Kentucky a," paske manman m, lè li te jèn, li te sanble ak yon Endyèn (m t ap gade foto I toutalè a), epi li te konnen li te yon mwatye Endyèn. Epi paske mwen te moun Kentucky epi li te yon squaw, yo te rele m "ti Endyen, ti Endyen Kentucky a." Epi mwen pa t gen anyen pou m wè nan sa; se pat fòt mwen si m te fèt Kentucky.

100 Mwen t al lekòl laba, mwen pa t gen rad pou m mete, epi cheve m te pandye desann sou kou m. Epi Papa...Manman te pran yye vès Papa te pote lè li te marye a, li te koupe I epi li te fè yon pantalon pou m mete pou m al lekòl premye fwa. Epi mwen... Epi li te fè m mete yon pè chosèt blan ak yon pè tenis. Epi yo te di: "Ou menm ou vrèman sanble ak yon 'voryen' nan Kentucky." E—e tout... e sa... epi answit, sa te kontinye pandan tout—tout jou lekòl mwen yo.

101 Epi kèk ti mesye, paske mwen te mache desann sou wout la ak yon ti fi epi m te pote liv li pou li...Yo pat vle m fè sa, epi yo te rankontre m laba epi yo te bat mwen jiskaske m te jis pèdi konsyans mwen. Mwen te di yo, si yo te jis kite m ale, mwen pwomèt ke m ta prale lakay mwen toudwat. E kifè yo te pran...kite m pati, yo te ban m kout pye kat oswa senk fwa, yo te frape m atè, epi yo te grafouyen m nan tout figi m. Epi m t al lakay mwen, konsa, atravè chan jenè a.

102 M te gen yon ti fizi Winchester kalib 22 ki te pandye sou pòt la. M te lonje men m epi m te pran fizi sa ki te ranpli ak bal, m t ale dirèkteman atravè bwison pye robinye yo, epi m te kache akote wout la jiskaske senk oswa sis ti mesye sa yo te vin la. M te jis ret tann yo vini, e pandan yo t ap vini la, yo t ap pale, yo te di: "Ti gason moun Kentucky sa va reyalize ki kote I ye apati kounye a," antan yo t ap pale konsa.

103 M te bondi devan yo avèk fizi a tou brake. Mwen di: "Bon, kiyès nan mitan nou ki vle mouri anvan, kifè ou p ap bezwen wè lòt yo? Yo te pran rele; mwen di: "Piga nou rele, paske nou tout pral mouri youn apre lòt." E mwen te serye! Epi jis la menm yo te konmanse rele. Mwen

te tire epi klak! Fizi a te kase. Mwen te mete yon lòt bal anndan fizi a. Klak, li te kase; yon lòt bal, klak, li te kase. Epi m te ponpe sèz bal atè a. Chak gress nan yo te kase. Epi ti mesye sa yo ap kouri, epi ap rele, epi ap plonje pase sou bit lan, ak tout bagay.

104 Epi apre yo te pati, m te kanpe la a. Lè m tap tèlman fè kòlè, jouk m—m—m pa tap kriye, m tap ri tankou yon idyo epi dlo tap kouri sot nan je m. Kounye a, sa a se yon tanperaman. Si se pat pou Bondye, m tap yon asasen.

105 Epi m te pran bal sa yo epi tounen mete yo nan fizi an, epi: "Pow, pow"; yo tap tire byen menm jan ak tout tan. W ap pale de gras!

406. Ki kote vyèj fòl yo ye pandan Milenyòm lan?

106 Nan milenyòm lan, yo nan tonb yo. "Rès moun ki mouri yo pa p viv pou mil ane."

407. Èske pral gen, oswa èske gen kounye a yon kote pou Epouz la rasanble ansanm pou viv, tankou lè Moyiz te dirije pèp Izrayèl la?

107 Mwen pral reponn kesyon sa a pou ou; li apèn revele a mwen menm. Mwen pral di ou verite a. Wi mesye! Gen yon kote pou tout Epouz la rasanble. Ou vle konnen ki kote li ye? Nan Kris. Kòrèk. Jis rasanble ladan l; nou tout ansanm.

408. Poukisa nou fè big dil sou fason fi yo abiye(O, o, mwen santi chalè ap monte nan sa a, pa vre?) - gwo big dil sou fason fi yo abiye ak koupe cheve, epi fè ... pa gen anyen ki di sou cheve gason oswa fason li abiye?

108 Ebyen, sè, mwen pral dakò avèk ou sou yon bagay. Premyèman, Bib la te di ke yon gason pa ta dwe gen cheve long. Men, si li te genyen cheve long, mwen ta di l sa, jis menm jan mwen di ou. Li pa kòrèk. Men pifò gason, anpil nan yo tankou mwen menm, pa genyen ditou. Pa kont pifò gason koupe cheve yo, tankou gason. Epi kounye a, si yo pa t fè li, yo ta di yo pa fè sa, pa kite cheve yo grandi tankou cheve yon fi. Ou pral jwenn tout bagay sa yo nan ve maryaj ak divòs ak lòt bagay yo lè nou preche sou li. Gwo pwoblèm sa yo tankou abiman gason...oswa fi...

109 Kounye a, yon gason, premyèman, kò yon gason se pa yon tantasyon tankou yon fi. Bon, yon gason, gwo, vye, chaje plim sou janm li, pye li kounan, gwo vant, epi konsa, li se yon bagay terib pou gade; epi pa gen anyen pou lakoz tantasyon. E mwen panse ke li sanble plis ke jamè ak yon "sisi" pou wè gason sa yo desann lari a, jèn oswa vye granmoun, ak yon pè nan bikini sa yo sou yo, oubyen pe enpòt kijan yo rele l, ou konnen, ap mache nan lari a. Mwen panse ke se vizyon bagay ki pi sal mwen te jamm gade. Se vre. Mwen panse ke li—li pa konnen ki bò nan ras la li soti (Ou wè? Se vre!), yon gason ki ta fè yon bagay konsa.

110 Epi ou konnen kisa? Mwen te jis tande kèk mwa de sa, Lame Amerikèn nan pral abiye konsa. Wi! Lame a

soti lane pwochèn, oswa nan dezan, tout an bout pantalon. Ki pi gwo group sisi nou ka jwenn?

111 Bondye fè yon gason sanble ak yon gason, li fè l tankou yon gason. epi abiye tankou yon gason. Li fè yon fi menm jan an, abiye tankou yon fi, aji tankou yon fi, epi rete tankou yon fi. Konsènan maten an, sou... Kesyon an konsènan gason...[Premye bò band la fini enkonplè epi dezyèm bò a kòmanse enkonplè—Editè a.]...Si li vle...

112 Si yon fi gen ta gen cheve fen anpil, epi li vle mete youn nan "rat" sa yo oswa jan yo rele li, mwen panse ke sa a ... Madanm mwen mete li. Li se yon...Li di cheve li fen, epi li gen yon sòt de gwo bagay ki apeprè gwo konsa, sanble yon gwo bout, gwo tonton biskwit. Apre sa, li vlope cheve li ladan l epi tache l ak epeng. Bon, kounye a, ... Osi lwen ke mwen konsène, sa-sa pa deranje anyen osi lontan ke cheve ou long.

113 Yon minis te di ke madanm li te—te kondane, paske li te gen yon—yon tenti nan cheve li. Apre sa, mwen te dekouvri nan yon kesyon, sa vle di yon penti oswa yon koloran nan cheve li. Mwen pa ka di ke se mal; mwen pa gen anyen sou li. Si li te gen cheve long, se tout sa mwen ka di sou li.

114 Epi kounye a, yon gason...Moun sa a te di maten an retire cheve yo, remete l ankò. Bon, te gen tip sa isit la tou, sou yon koup cheve. Ou wè?

115 Kounye a, si—si yon gason pa gen cheve, epi madanm li... mwen te tande kèk fi di, "Oke, si mwen te jis jwenn pou Jan... Mwen panse ke li ta parèt mye si li—si li te mete yon fo cheve.

Kisa ou panse de sa, Frè Branham? Èske li mal pou I fè sa?" Non, mesye! Non, vrèman, li pa mal, pa ditou. Si li vle mete li, se byen, pa plis ke mete fo dan oswa yon bagay konsa.

116 An pasan, mwen gen twa fo dan mwen menm. Mwen te swete mwen pa t genyen yo. Yo sou yon fil; li toujou ap diminye vwa mwen, epi koupe lang mwen, ak bagay konsa, men mwen dwe genyen yo pou m manje. Men, si mwen...Lè mwen a letranje nan reyinyon deyò yo, mwen mete yon fo cheve; pa pou aparans, paske ou konnen mwen ta p kanpe isit la menm si mwen pa t gen yon pye cheve sou tèt mwen oswa kèlkeswa sa li te ye. Li pa ta p fè yon diferans; Mwen isit la pou reprezante Jezikri. Men, lè mwen kanpe deyò a, depi sou premye nwit nan youn nan tanpèt twopikal sa yo, pwochen sware a gòj mwen tèlman fè mal mwen pa ka soti laba a.

117 Donk, si—si se te yon bagay mwen te vle fè, e mwen te santi pou m fè li, mwen ta p fè li. Wi mesye! Pa gen anyen ki di pa fè li. Pa gen anyen ki di, sè, ke ou pa ka mete yon rat, oswa chanje cheve, oswa yon bagay oswa yon lòt nan ou...Se pafètman kòrèk, men kite cheve ou rete long. Epi monchè, koupe pa w la. Sa ou genyen an, kite li koupe. Ou wè? Alò, sa rezoud li.

118 Epi medam, abiye tankou yon fi. E mesye, abiye tankou yon gason; pa eseye vin yon sisi epi mete rad fi. Epi medam, pa eseye vin maskilen epi mete rad gason, paske Bondye pa vle ou fè li; Bib la kondane sa.

119 Men kounye a, konsènan mete yon moso cheve oswa mete yon cheve...Oke, kisa youn nan "rat" sa yo ye? Èske mwen te fè yon erè talè a oswa èske se yon "sourit"? Li—se yon bagay—se yon bagay ke yon—yon fi mete nan cheve li pou I fè I parèt pi plis...Kèlkeswa sa li ye a (wè?), pa gen anyen mal nan sa. Kontinye, se kòrèk.

409. Frè Branham, yon sè te vin nan tabènak la soti areprè uisan mil, epi li te di li kwè ou se Jezi Kris enkane. Tanpri pale sou sa. Li te trè (i-mp- a-...) enpasyan pou I eseye di lòt moun sa li panse. (I-m-p-a-h-a-...) Enpasyans. oke.

120 Kounye a, evidaman sè a nan erè. Mwen pa Jezikri; mwen se sèvitè li. Nou te pale de sa anpil fwa. Men...

O, mwen prèske fini; jis priye pou mwen, jis yon ti kras tan ankò.

410. Frè Branham... (Èske w ta renmen tandem rès la osi—osi vit ke nou kapab?) Frè Branham, yon fwa mwen te echwe Bondye te ban mwen yon ... santi Bondye te ban m yon pwomès tankou Sara. Te gen yon kesyon, men pwomès la te vini apre. Èske se te pwomès Bondye a? Mwen te konnen Sara te ye, men mwen santi tan tèlman kout. Nou renmen ministè w la epi Li menm ki rele ou (Se janti, pa vre?)—renmen ministè w ak Li menm ki te rele ou pou li, e se poutèt sa, nou renmen ou. Oh, yo te siyen non yo. Mèsi, sè ak frè. Yon kesyon, wi, wi. Trè byen.

121 Kounye a, Bondye... Panse li te ba ou pwomès la, epi sa te rive tankou Sara. Evidaman, se menm Bondye a; Li reponn menm jan an. Piga ou kwè anyen dot sof ke sa vin de Bondye.

Frè Branham, mwen ta renmen poze w kèk kesyon konsènan Bib la. Tanpri eksplike Sen Mak...

Mwen te pran sa a; Mwen te pran sa a, Sen Mak 16. Nou te pran sa a lòt jou a, mwen sonje. Ann wè.

411. Chè Frè Branham, tanpri eksplike Sen Matye chapit 22, vèsè, lè... (Nou te pran sa a. Ou wè? Sonje lòt jou a? Mwen pral mwen pral montre ou li. Mwen te... Gade li isit la, 22.) Kijan envite sa a te antre nan Soupe Nòs la, ki te pote yon abi sou li, men ki pa t gen youn nan abi nòs la sou li?

122 Sonje, mwen te di... Mwen te fè yon ti blag; Mwen te di, "Frè denominasyonèl ki te pase nan—nan... ki te pase nan fenèt la e pa nan Pòt la." Pòt la se Pawòl la.

Ou te di ke Kayen te soti nan semans sèpan an. Poukisa Èv te di: "Mwen te resevwa yon gason nan men Seyè a"?

Se sa mwen t ap ese ye jwenn maten an. Mwen te gen Ekriti yo ekri isit la pou sa. Petèt m ap rekile tou pitit; Mwen espere sa. Jwenn kèk isit la...

Frè Branham, mari mwen ki te grandi nan fwa katolik, lè n ap adore li vle priye nan fason pa li.

Mwen te pran sa. Sonje?

O, m ap pran sa yo dirèk isit la kounye a. Mwen te pran sa a.

Frè Branham, mwen finalman...pou enterese sè m nan soti nan yon de-...Mwen te pran sa. Yon dam te gen yon sè katolik.

Frè Branham, nan Dezyèm Timote 4, ki kado ki te bay nan...?

Mwen te pran sa a. Konbyen moun ki sonje yo? Mwen gen kèk nan yo melanje isit la. Ou wè?

Èske li legal pou nou itilize nenpòt kalite...?

123 Sa se kontwòl nesans. Mwen—mwen...Kite m pale de sa avèk—an prive de sa (wè?), jan mwen te di maten an.

Premyèman, èske senk vyèj fòl yo sove pandan...?

Mwen te pran sa a. Mwen ap fè bak isit la. Jis yon minit, jis pran pasyans avè m.

Aprè ou fin konnen chemen an, ou di mwens chemen repantans lan ak sanktifikasyon (mwen te pran sa a, ou sonje?), **ansuit pou chite...**

Mwen te pran sa a tou. Mwen pa konn kijan m te fè rekile. Mwen pral jis oblige kontinye pran yo...

Frè Branham, kisa Sen Matye 24:28 vle di: "Paske nenpòt kote kadav la ye, se la ègl yo ta rasanble"?

Sonje mwen eksplike sa? Ou wè? Mwen te pran sa a. Petèt mwen te fini ak yo. Lwanj pou Seyè a!

Li lè—èske li tan pou Epouz la pral gen pou- pou avèk ou pou (Kounye a, mwen te pran sa a.) **Anlèvman an?**

Petèt mwen... E mwen konnen m te pran sa a, paske li te make nan pati anba a; mwen sonje sa. Ebyen, Iwanj pou Seyè a! N ap rive nan fen a. Ann wè.

412. Puiske Akt 2:38 se sèl fason pou w batize, e pou miltitid la...? Mwen te pran sa a.

124 Yo pa t janm konnen sa nan epòk yo; li jis revele kounye a. Aprè ou fin konnen sa pou ou fè, "Pou moun ki konnen pou fè sa ki byen epi ki pa fè sa, pou li se peche."

413. Frè Branham, èske sa mal pou plante—pou plante epi travay nan tabak?
Mwen pa kwè mwen te pran sa.

125 Kounye a, mwen kont tabak. Mwen kont itilizasyon tabak; nenpòt kretyen ne de nouvo pral konsa; se tou, paske li mal. Nou konnen ke menm lasyans medikal di se sa ki kòmanse pi souvan kansè nan gòj ak-ak nan poumon, se-se tabak. Yo di: "Fimen sigarètki filtre."

126 Kounye a, pou ou menm gason ak fi ki fimen, sa jis twonpe ou, paske ou pa kapab... Oke, sèl bagay yo fè... Lè ou achte sigarèt filtre a, ou dwe achte plis nan yo, paske li jis kite yon sèten pouvantaj nan lafimen an pase. Paske nenpòt moun pral di ou...

127 Mwen te tande konferans sa a nan Fwa Mondyal la nan Washington lane dènyè (lè mwen te ale nan Fwa Mondyal la), e doktè soti toupatou nan mond lan te eksplike li; te di ke ou pa kapab gen lafimen san goudwon, epi ou pa kapab... Epi si ou gen lafimen ou gen goudwon. Yo te di, "Pa kite pèsonn twonpe ou sou sigarèt filtre, paske kote ou fimen youn oubyen lòt ki ta satisfè anvi ke ou genyen pou sigarèt la, ou pral fimen de oswa twa nan lòt la." Li se sèlman yon—yon astusiblik, yon astusiblisite sou radyo ak televizyon.

128 Men pou travay nan tabak oswa fè tabak. Kounye a, ou menm Frè m ki soti Kentucky ki plante tabak sa a... Oke, kite m di yon bagay: Si li kondane w pou fè li, pa fè li, paske mwen pa ta vle fè okenn bagay ki ta ... ke mwen konnen te ka sipòte lanmò yon lòt moun. Li pa bon pou bay yon vwazen yon bwason fò, alò, li ta p mal pou fè yon bwason fò. Men kite mwen di yon lòt bagay kounye a. Bon, kanta grandi li ...

129 Tabak, ou konnen, yo itilize nikotin tou an tèm medikal. Epi èske w te konnen ou grandi mayi ki fè wiski, ble ak lòj ki fè wiski? Pa vre? Trè byen. Ou wè? Ou pa konnen ki sa yo pral fè avèk li.

130 Men kounye a, nou plante mayi, nou ka panse lè n ap plante mayi a, ke li ka fè kòn flèks, epi manje pou moun yo, pen mayi, elatriye; men yo fè tou bwason entoksikasyon ak li (wè?), Se konsa, ou pa ta konnen ki sa ou dwe fè.

131 Epi ou plante... Ou gen yon jaden flè lis. Ou konnen sa yo fè ak bèl ti flè a? Yo fè opyòm avè l. Ou konnen sa yo fè ak leti? Yo fè menm bagay la. Gen opyòm tou nan leti. Eske ou jamn manje yon pakèt leti epi wè kijan ou santi w frankil pou yon ti bout? Se opyòm ki ladan l. Èske w konnen li nan zonyon tou? Sètènman. Se konsa, ou-ou wè, sa depann de poukisa w ap fè li.

132 Men, kite m di sa, kòm yon frè kretyen a yon frè kretyen: Si ou gen yon plantasyon tabak, vann li bay yon lòt moun, pran chans lan sou mayi a. Mwen kwè li ta pi bon (wè?), paske pa gen dout sou rezon y ap plante sa...

Mari m te marye ak yon alkolik epi yon adiltè... Mwen te pran sa a. Soti nan... Mwen te di ou kote li te soti. Li soti lwen isit la. Mwen te pran kesyon sa a. Epi kounye a, ann wè.

Fi nan Apokalips 12...

Mwen te pran sa. Wi, mwen te pran pakèt kesyon sa yo. Ann wè. Sa te pran l; Mwen te pran yo. Li nan Apokalips 12, kisa li te ye. Ann wè.

414. Frè Branham, nou gen de timoun ki ale nan yon legliz ki kontwole pa yon fi predikatè. Nou konnen li soti de Pawòl la. Pitit nou yo anba gwo enfliyans sa a. Kijan nou ta dwe ale di yo sa a se yon erè?

133 Mwen te di nou deja. Mwen reponn sa. E tretesa an dousè. Kisa ou ta di si mwen... mwen konnen fi sa a ki chita isit la. kisa ou ta di si mwen kwè mwen konnen kiyès fi a ye e mwen ka di ou?

415. Èske rèy Milenyòm nan pral mil ane oswa jis yon tan konte?

134 Mwen te pran sa a menm maten an. Ou wè? Se mil ane. Trè byen.

Frè Branham, pwoblèm de kisa...

Wi, mwen te pran sa. Ble a ak move zèb la, ou sonje nou te pran sa.

Mwen kwè nou ap touche fen an. Mwen gen dwa te remete yon pakèt ladan yo ankò.

Ann wè. Menm bagay.

Frè Branham, mwen se yon manman sis timoun mèveye epi mari m vle m al travay pou yon ti tan pou ede finans nou. Èske mwen ta dwe fè sa? Epitou mwen vle priye Bondye pou ban mwen lafwa pou... ban mwen... Abraham ak... ak...tankou lafwa...tankou Abraham ak Danyèl ak Timoun ebre yo. Èske yon kretyen ta dwe plante tabak? mwen fèk sot pran sa a. Epi...

416. Frè Branham, èske se mal pou yon fi epile janm li?

135 Èske mwen wè klè? Èske sa di sa? Mwen pa kapab... mwen pa konnen. M ap kite w ak sa.

Èske—èske jou sa a movè pou limite fanmi ou? Èske sa vle di pratike kontwòl nesans konplè?

136 Mwen te reponn sa, evidaman, pou... chak moun. Ann wè.

Si yon fi pandan li nan peche jwenn yon divòs epi li remarye ak...

137 Mwen reponn sa. Ou sonje mwen te di, "Kite ka divòs yo jiska..."

417. Mwen gen yon zanmi ke mwen renmen anpil. Li te gen kèk band ak lèt ke mwen kwè ke yo... pa t janm pale avè I. Vrèman, mwen sipoze m pè detwi I epi pèdi li kòm yon zanmi. Kisa mwen ta dwe fè?

138 Pale avèk li ak lanmou. Mwen pa... Mwen kwè mwen te reponn sa, men mwen—mwen ta...Pa—pa eseye fòse anyen sou pèsou. Ou dwe jis sale; yo pral anvi vin tankou ou.

Frè, sè, mwen kwè mwen te reponn sa yo.

Frè Branham, tanpri bay eksplikasyon sou senk vyèj fòl yo.

Mwen—mwen konnen mwen te reponn sa a. Li ekri, epi se papye wouj. mwen kwè nou se... mwen te reponn sa a. Mwen kwè mwen te reponn tout sa yo. Lwanj pou Seyè a. Ann wè. Eskize m jis yon minit.

418. Chè pwofèt Bondye, Sen Mak 16:18, mwen... yon pati nan poze men sou malad yo... Mwen nan mitan moun k ap okipe koulèv. A pwopo de sa?

139 Ebyen, sa son bon kesyon. Si w antoure de moun kap manipile sèpan, epi ke yo di Mak 16... Sètènman! Mwen kwè ke Bib la vle di egzakteman sa L di. M kwè ke si nap eseye tante Seyè a nan on bagay, nap jwenn. Men m pa panse ke Bondye vle ke nou pote on boutèy pwazon ban mwen pou wè si m ka bwè l epi pwouve nou ke m gen lafwa; pa plis ke m pa kwè ke li tap jis si nou pote m on sèpan, epi kite m pran l, epi montre nou ke m gen lafwa ke m ka venk pwazon li. M pa kwè ke se sa.

140 Mwen kwè ke si m te nan dlo ap batize moun, oubyen map travay pou Seyè a, oubyen lòt bò a nan lajeng, epi yon sèpan mòde m, m tap kontinye ap mache nan Non Seyè a. Wè? Mwen kwè ke se sa sa vle di.

141 Kounye a, si w dwe pran... Wè, sa w fè ak sa, byenneme kèlkeswa kiyès ou ye-kiyès ou ye... Sonje sa. Wè? Gade sak pase nan Bib la sou sijè sa a. M pa plis kwè ke si w te eseye di: "Glwa, glwa, glwa..." Pa tante Bondye pou rive pale an lang, jis kite Lespri a pale atravè w. Wè?

142 Kounye a, m pa kwè ke nou dwe tante Bondye oubyen fòse anyen. Jan mwen di l talè a, lè Lespri a... Nap tann Lespri a; se Li ki fè l.

143 Kounye a gade, Pòl tap ranmase bout bwa sou zile Krèt la, mwen kwè. Li te anchene, epi yon sèpan, petèt on mamba... Se yon mak dan kap touye w; li te sipoze tonbe rèd, mouri. M pa konn lòt sèpan ki te ka touye w vit konsa, a mwens ke se yon mamba.

144 E donk, annou di li ranmase mamba sa a. Se yon mak dan ki touye; li rete w apeprè, jis kèk respirasyon. Lè mamba a pike w, oubyen on kobra, on gen on senkant-senkant chans pou viv avèk on serom, avè kobra nwa a. Avèk kobra jòn lan, ou gen apeprè katrevè pou san chans mouri e anviwon ven pou san chans viv; avèk on mamba, ou pa gen chans menm. Ou

jis mouri, kareman, paske ou pa respire, jis kèk respirasyon. Li paralize sistèm nève a, sistèm san an, ak tout rès la, epi ou mouri. Wè?

145 Men lè- lè mamba sa a te mòde Pòl nan men, yo te di: "Ebyen, nèg sa a son... Son nèg ki mechan, petèt on ansasen. Menm si li chape lanmè a, sepandan...li pat kapab chape lanmò. Bondye yo pral vanje yo de li kòm-etan on ansasen."

146 Pòl gade, epi sèpan sa a te kole sou men I, li jis souke li, li pat tout eksite: "Oh, Seyè, ede m fè sa." Non! li gade I, souke I nan dife a, epi li kontinye ranmase bout bwa yo kòm si anyen te rive.

Yo di: "Li pral mouri nan on minit, paske lè sèpan sa a mòde w, ou mouri." Apre yon moman, tan an pase, Pòl pat anfle, li pat mouri, li pat santi anyen. Yo di...yo chanje, yo di: "Li son bondye ki desann sou fòm on moun." Wè?

147 Li pa janm di: "Pote sèpan sa a ban mwen", men sèpan an te mòde I. Li pat janm tante Bondye, men li te gen lafwa nan Bondye pou venk mak dan sèpan an. Nou wè sa m vle di?

148 Donk kèlkeswa kiyès ou ye pam manipilatè sèpan sa yo, mwen... Kounye a, si yo vle manipile sèpan, sa-sa gade yo. Wè? M pa wè I konsa.

149 Bon, nou di: "Moun sa yo gen lafwa." M pa di yo pa gen lafwa, yo boule tèt yo avèk tòch aselitèn epi bagay konsa, men (ou wè?) kanmenm sa pa pwouve ke sa vin de Bondye.

150 Mwen wè Endyen mache sou yon-yon tapi dife 1m de laj e danviwon karant mèt de lon, epi yo tap limen dife a avèk fèy jiskaske li boule (se pa moun espesyal, se fèmye), yo te retire soulye yo a, yo te pran ti (prèt yo te beni yo avèk san kabrit), epi yo te pran ti kwochè kòm zen pwason, epi yo foure sa nan po yo pi wo bouch yo, jiskaske I vin on-on gwo gagòt dlo, ranpli ak ti boul sapen Nwèl konsa, orneman, ranpli, epi gwo kwochè long konsa ki foure nan chè yo (ou imajine kisa sa ye pou mete yo epi pou retire yo), epi yo te rete konsa, epi yo tap mache sou dife vif sa a (epi li te byen-byen cho, plis ke wouj, ap boule) - yo te mache desann atravè dife sa epi to te fè demi tou epi to te mache tounen, pa menm on boule nan pye yo. E yo pa menm kwè nan Bondye. Yo adore, yo adore demon. Wè? Alò sa pa vle di

anyen. Jis rete lwen... Rete senpleman on Kretyen trè janti, trè enb; viv byen, e apresa Bondye pral okipe l de rès la.

419. Frè Branham, sou kisa predikatè yo, ki pa fè pati de Epouz la, pral preche-pral preche? Mesaj yo kounye a, Sentespri a, batèm dlo a, epi sali a, kisa yo pral preche si yo pa fè pati de Epouz la?

151 Ebyen, yo pral...Ou konn kisa ki pral rive petèt? Map di sa kounye a. M pa ka pwouve sa, men mwen... Yo jis pral kontinye preche jan yo fè l kounye a, epi moun yo pral kontinye panse ke yo sove, men Epouz la ap gentan pati.

420. Èske li bon, selon Pawòl la, pou pratique kontrasepsyon?

152 Mwen di nou ke map reponn kesyon sa a apa. Oumenm ki gen kesyon sa yo, vin wè m apa.

Byenneme Frè Branham, nou gen yon anseyan kote w konnen ke Ekriti a di...

Wi, m reponn sa. Jis on minit.

Frè Branham, a yon moman nou te gen non nou ki te ekri nan Liv kèk...

Wi, m reponn sa. Se pou konnen si yo fè yon erè lè yo retire non yo?

421. Kisa... èske ou dakò kontrasepsyon an?

153 Non, m pa ka dakò. Non, mesye. Wè?

422. Se...Èske setyèm anj lan, jan li mansyone nan Apokalips 10, èske se menm moun ak Eli ki nan Malachi 4?

Èske m reponn sa? Sa pa sanble ke m reponn sa.

154 Wi, se men moun lan. Apokalips 10 se Mesaj setyèm anj lan, ki, setyèm anj lan, mesaje Setyèm Aj Legliz, ki se Malachi 4.

Èske kontrasepsyon...

155 M gen anpil sou sa. M jis mete yo dèyè, m pat vle reponn a sa; m ta pi pito wè nou apa.

423. Ki kote nou jwenn ke Noe te preche pandan sanventan epi li te bati lach la an sanventan?

Èske m te reponn sa?

156 On jenerasyon, oubyen on tan yo bay, tan yo bay on nonm sou tè a se te sanventan, se peryòd sa Noe te pran pou bati lach la, ki te konsidere kòm on jenerasyon nan tan sa a. Sanventan se tan yo te bay on nomm. E li te preche, dapre...Jenèz 6:3, li te preche a jenerasyon sa a, ki te sanventan; Noe te fè sa. Trè byen. Ann gade kounye a.

424. Nan Malachi 4, Eli sa a dwe pote tounen kè papa yo a timoun yo, epi answit kè timoun yo a papa yo. Èske se menm moun lan?

157 Wi, menm moun lan. Trè byen. Oh, tann on minit. Non! Padone m, m dezole. Jis... Nou wè kijan Sentespri a kapte sa pou mwen? Non! M te panse ke sa te di...Wè?

158 Sa I te ye nan Malachi 3, la a: "M voye mesaje Mwen devan figi M," ki te Eli. Nan Malachi 4, li vire tounen epi li di: "Men mwen voye Eli." Malachi 3, Li te dwe mennen on mesaje, voye devan figi Seyè Jezi, e se te Jan. Konbyen moun ki konprann sa? Malachi 4, lè Eli sa vini, touswit apre Mesaj li e tou, epi apresa, se Seyè a kap Vini epi latè a ap renouvre.

159 Epi nou remake, pou asire nou kounye a ke se pa ... Jan Sentespri a ekri I atravè pwofèt sa a, Li di: "Li pral pote tounen kè papa yo, dabò, a timoun yo." Wè? Sa se premye fwa Jan te vini. Li te pote tounen kè papa yo, ansyen patriyach ki te papa yo, a Mesaj timoun yo, ki te nouvèl jenerasyon lè sa a, Jezi, nan jenersayon sa a. Answit epi, konjonksyon, li lye ansam "kè timoun yo a papa yo", sa ki vle di ke Mesaj jodi a pral pote tounen kè timoun laj legliz yo a lafwa Pannkotis orijinal kòmansman an.

160 Donk a gen de diferan... Se menm mesaje a, men la a gen yon diferans ant premye epi dezyèm vini Jan an... ou mesaje, Eli.

Mari m ak pi piti ptit gason mwen pa kwè...

Wi, m reponn sa. M konnen m reponn li, paske m konnen ke moun yo gen non yo ki siyen la a. M sonje, apre, m te pale avè yo sou sa.

425. Kijan nou ka jwenn Volonté Seyè an? Kay nou—nou pou...Èske nou ta dwe demenaje lakay nou pou pou al Jeffersonville, Indiana? Èske yon moun ka yon Kretyen epi pa renmen moun nwa yo? Èske Bondye pa vle yo trete yo tankou nou, paske yo gen koulè fonse? Èske w ta vle...? Kisa w pwopoze nan sa? Èske ou kwè nan entegrasyon oswa separasyon?

161 Mwen kwè nan entegrasyon. Mwen kwè ke yon nomm...Sa pa enpòtan sa koulè l ye oswa kimoun li ye, li se yon nomm jis tankou mwen. Se egzakteman sa. E mwen kwè, si yo ta jis kite moun nwa sa yo trankil, epi kominis sa yo pat soti la a epi enspire yo ...

162 Kounye a, yo te vle...Bon, vrè moun nwa otantik yo, gen yon gwoup otantik ki ne de nouvo, sen ki devwe pou Bondye nan moun sa yo. Wi, vrèman. Jis paske po m blan epi pa yo fonse, sa pa vle di yon sèl bagay pou mwen. Li se Frè m si li nan Kris.

163 Se pou sa mwen diferan ak mesaj Afrikaans yo; yo pat menm kwè moun sa yo gen yon nam. Se sa k fè yo pa renmen m la a. M te di: "Nonm sa a se yon nomm menm jan avè m. Li gen dwa pou menm privilèj ke m genyen. Po l pa vle di okenn diferan sa pou mwen, oswa okenn lòt nomm ki ne de nouvo de Lespri Bondye a."

164 Men m te di: "Si yo ta kite moun nwa sa yo trankil, yo pa tap janm vin enspire konsa." E m ap di sa depi l'estrad sa a...Nou gen anpil moun nwa ki vin isi a. (M pa panse ke gen okenn isi a aswè a.) Men nou gen anpil moun nwa ki vin isi a nan legliz sa a. Frè, yo byen vini menm jan ak nenpòt lòt moun. Yo se frè m ak sè m.

165 E kèk nan moun ki pi debyen mwen te janm rankontre nan vi m se kèk nan moun nwa sa yo. Apresa gen kèk nan yo ki renye reliyon yo, jis egzakteman tankou moun blan yo, oswa moun jòn, oswa moun mawon. Wi, vrèman.

166 Kounye a, m pa kwè nan maryaj miks. M kwè ke yon nomm blan pa ta dwe marye ak yon fi nwa, oswa yon ti nwa ak yon nomm blan, oswa yon jòn marye ak yon nwa, oswa yon blan, oswa yon...M kwè mawon an, nwa, blan, ak ras moun se tankou yon jaden flè Bondye, e

mwen pa kwè yo ta dwe kwaze. M kwè se fason Bondye te fè yo, e m kwè se fason yo ta dwe rete.

167 Kisa...Sa etone m ke m wè yon vrè bèl fi nwa, entèlijan, bèl timoun, jis bèl menm jan ak nenpòt fanm ou ta vle wè...Poukisa li vle marye ak yon nonm blan epi gen timoun milat? Kisa yon fi nwa entèlijan ta vle ak on bagay kon sa? Se paske yon bagay...kominis sa a...Epi kijan yon—yon nonm debyen ta vle...yon—yon—yon nonm nwa vle marye ak yon fanm blan epi gen timoun milat?

168 M pa kwè mwen...m kwè nou ta dwe rete jis sa nou ye a. Nou—nou se sèvitè Kris. E Bondye te fè m...Si L te fè m, koulè m nwa, m tap kontan pou m yon òm de Dye nwa. Si L te fè m jòn, m tap kontan pou m yon nonm jòn pou Kris. Si L te fè m blan, m tap...?...nonm blan kontan pou Kris. Si L te fè m mawon, oswa wouj, yon Endye, kèlkeswa sa l ye a, m tap rete menm koulè m lan. Sa tap mwen. M vle pou m tankou Kreyatè m lan te fè m.

169 Anba la a jou sa a nan Shreveport lè soulèvman sa a vini, epi sa yo...epi te gen tout jenn moun nwa sa yo ki enspire la a, kominis...

170 M te di nou isi a nan lestrad sa a, Martin Luther King se pi gran dèt moun nwa yo te janm genyen. Egzak. Nonm sa a pral kondwi yon milye nan yo nan yon masak (se vre), enspire pa kominis.

171 Kite m pwouve pwen mwen. M te di sa sa fè apeprè dezan de sa. Gade sa kap pase kounye a menm. Yo te di yo tap goumen pou entegrasyon, epi lè lalwa ba yo entegrasyon yo...Epi a noumenm moun yo ki pa kwè nan entegrasyon, se pou nou wont tèt nou. Nasyon nou an pèmèt entegrasyon, e nou ta dwe fè sa gran bòs lan di pou fè. Se egzakteman vre.

E kounye a, nou di...Pa vini nan kote yo, e latrìye kon sa, oswa al achte nan magazen, oswa chita dèyè bis lan, e latrìye, non, mesye! Lalwa di yo jis menm jan avè nou, kidonk nou menm jan avè yo; kidonk ann aji fason sa a. Se pou nou fason sa a. E se egzakteman sa ke tout vrè moun ki ne de novo kwè. E kounye a, m kwè ke sa nan kè yo.

172 M pat janm gen yon santiman konsa pou moun menm jan mwen genyen pou moun pòv sa yo an Afrik, fason yo te trete yo. E mwen pa kwè nan bagay sa a. M se yon moun nan sid;

m te fèt lòtbò rivyè an laba an, men m tankou Abraham Lincoln; m vin isi a, paske m kwè ke lòm te fèt egal. Se vre. E m pa kwè nan separe moun ak bagay kon sa, lè moun sa yo...batize ak Sentespri e latriye.

173 Men gade, se pa vrè moun nwa Kretyen otantik ne de nouvo ki lakòz tout pwoblèm sa a. Nou vle kondane yo pou sa, e kèk nan timoun blan nou yo ki renye reliyon yo? Ou wè? Kounye a, sak bon pou youn bon pou lòt tou. Ebyen, timoun blan nou yo lakòz de fwa otan pwoblèm ke yomenm. Se egzakteman vre. Ki kote I ye? Nan kòlèj nou yo ak bagay kon sa. Kèk nan moun nou yo ki gen edikasyon ki pi wo lakòz bagay sa yo. Ou wè?

174 Ebyen, kisa I ye? Kounye a, pou montre nou ke se kominis epi se pa moun nwa sa yo, sa se kòman kominis toujou vini pou pran kontwòl la. Yo fè sa nan chak nasyon. Se konsa yo fè I, fè nou goumen nan mitan youn lòt, revolisyon, apresa yo pran san frape kou. Yo pa vle eksplode peyi sa a; yo vle li. Yo vle vide sak ladan I. E kounye a, yo te wè yon ka pou fè sa, e yo konnen kisa ansyen revolisyon an te ye, epi yo te panse yo tap kòmanse yon lòt revolisyon.

175 Pou pwouve pwen mwen an klè, apre yo genyen entegrasyon (yo genyen I kounye a, legalman, selon la lwa), yo lakòz plis pwoblèm kounye a pase yo te fè I o kòmansman. Ou wè? Sa montre ke se kominis epi se pa presye nam sa yo ki ne de Lespri Bondye.

426. Èske dife tap toujou pran nou epi preche Levanjil, oswa Èske tan an fini?

176 Non, kontinye preche jis ak tout fòs nou ka preche. Frè, rete avè I; m dwat dèyè nou.

427. Frè Branham, lè w pwofetize sou: pa manje ze, pa viv nan vale an, èske pwofesi sa a se jis pou ou oswa pou asanble an? Trè byen.

177 Dèzane de sa, apeprè trant an de sa, m te bay on pwofesi ke sa tap rive ke nan dènye jou yo ke tap gen maladi nan mitan bët, nan mitan betay, ak ze, menm pou ze. Epi sa rive, ke tap gen ze ki pa tap bon pou manje. Epitou, sa tap rive ke moun kap viv nan vale yo...Kounye a sonje, m te pwofetize ke anvan nèt trant an de sa, ke sa tap rive, ke moun kap viv nan vale yo, ke m tap mande Kretyen yo pou yo demenaje sot nan vale, epi ke yo pa dwe manje...Diferan vyann ak bagay kon sa, tap pwazon. Sa tap danje (M kwè fason m te genyen I) pou moun yo viv nan vale.

178 Kounye a, se te anvan te gen retonbe oswa ke yo te konnen kwakseswa sou retonbe yo. Men sa se te Sentespri an ki tap avèti mwen. Epi kounye a menm, menm pou betay nou (ou wè yo sou mache yo) ki flite ak DDT, foure on bagay nan vach yo.

179 Remake ankò, tout bagay ibride sa a ak bagay ke y ap fè yo ap dekonpoze ras imèn lan nèt. "Trant pousan," ven oswa trant pousan, Reader Digest te di: "de pasyan nan lopital yo mete la a poutèt doktè yo." Y ap ba ou yon medikaman debarase w de sa, epi li mete yon lòt bagay bò isi a.

180 Epi èske nou te remake ze? Ane pase dè santèn de ka nan Louisville ak Jeffersonville te tonbe malad epi te entène lopital nan vomi nan manje ze ke poul nan vale an isi a... Ze yo nan vale an te pran patikil polye. Epi move zèb anpwazone, e latrìye, tout bagay kontamine.

181 Men men kote w pran I, frè m. M kwè ak tout kè m ke li ekri nan Lekriti ke—ke nanopwen manje ki ta dwe resevwa san li pa resevwa ak aksyondgras, paske li sanktifye pa Pawòl Bondye a ak lapriyè. Ou wè? Si w manje li, di: "Seyè Jezi, Ou te prepare manje an pou mwen. Kounye a, ak lafwa m sanktifye manje sa a pou fòs kò nou yo." Apresa manje I, paske nan tout sa nou fè se pa lafwa.

Chè Frè Branham, rezon pou divosè ak yon mari sou?

182 m pa renmen pale sou divòs sa a. Sa—sa... Li, m—m— m ap pale sou sa on tikal pita.

428. Frè Branham, Frè (Jis on minit. Sa se pou youn nan minis yo isi a. Kite m li I an premye. [Frè Branham poze epi li kesyon an pou tèt li—Editè a.] Hum! Jis on minit. Ebyen, m di nou. M pral li I kanmenm.)—**Frè Branham, Frè Neville te di m nan pwofesi ke ENSI DI LE SÈYÈ ke m tap resewa Sentespri an. Ap pale m ak asirans sa a ke m tap resevwa Sentespri an, m potko resevwa Sentespri an. Èske m ta dwe kontinye...**

183 Wi, vre! Fè sa. Kontinye kwè.

Remake, m rele...te kanpe kay Frè Wood yè lè yon apèl telefòn te vini de yon nonm ki nan yon chèz woulant, ki vin isi a ak on pwa sou kè I pou yon frè oswa yon moun ki te—ki te yon tafyatè epi ki tal nan Alkolkik Anonim epi te pran piki, nan lopital la, e latrìye; epi Frè Neville,

ap pale nan lang oswa yon fason te bay yon—yon pwofesi sou moun sa a, epi te bay yon pwofesi ke yon bagay tap rive mesye sa a pou byen nan kèk pwochen jou yo, oswa yon bagay kon sa. Epi mesye an te rele epi te di ke mesye sa a, sa fè swasanntuit jou kounye a, te sot lopital la, pat bwè yon sèl bweson, oswa pran yon sèl medikaman pou anpeche bwè, oswa on bagay. Epi bagay ke Frè Neville te di nan pwofesi a te rive. Louwe Bondye! Nou kwè frè nou se yon òm de Dye.

Chè Frè Branham, èske sila yo...

184 Kounye a tann, kite m kanpe la a jis on minit. Kounye a, se sa m ap eseye di moun yo. Frè Neville kwè menm Mesaj ke m kwè a. Frè Capps, Frè Beeler, Frè Ruddell, tout frè sa yo bò isi a kwè menm Mesaj ke m kwè a; yo preche L, menm jan m fè l.

185 E si nou vle, vrèman vle, nou pral demenaje, epi nou pral pran retrèt nou oswa yon bagay ou yon lòt, epi vle vini pou Pawòl la, vin isi a. Vin nan tabènak lan, se kote nou tande L la.

186 Sila yo se òm sen pou Bondye. Yo se òm ki gen menm Sentespri ke m genyen an e—e ke nou genyen, anseye nan menm Bib lan ak menm Mesaj ;a.

Chè Frè Branham, èske sila yo ki pral pale nan lan rès lan...

Ya, m te pran sa a. En, en, m te pran sa a. Te fèt tou pale nan lang.

Frè Branham, predikasyon w lan sou batèm Sentespri an, se batèm nan Non Jezi...

Ya, m te pran sa. Ann wè.

429. **Frè Branham, Bib lan di nou ke yon—yon madanm ta dwe obeyi mari li. M se yon Kretyèn epi mari m se yon pechè. Li pèsekite m nan tout fason ke I kapab, epi pou m pa al legliz, epi li Bib mwen, epi—epi renye Pawòl la. Kisa m ta dwe fè?**

187 Kisa w ta dwe fè? Kounye a, koute, ou sipoze obeyi mari w; se Pawòl la. Kounye a, si I di w epi refize w li Bib lan, al legliz, oswa yon bagay kon sa, ou pa dwe obeyi sa, paske: "Sila

kap—ki pap abandone papa I, manman I, mari I, madanm li, oswa kèlkeswa sa I ye a epi swiv Mwen, li pa diy pou I pou Mwen.” Èske se vre?

188 Non, pa...Nonm lan sipoze...ou pa...Yon nonm pa sipoze itilize otorite sa a sou yon fanm jis paske li se chèf li. Bondye se chèf li sou tèt ou, frè. Ou wè? E si madanm ou ap fè yon move bagay, alò pa...alò ou gen dwa pou di li, epi li sipoze koute w. Men ou pa gen okenn dwa pou bat li, oswa trennen I la a, oswa—oswa fè bagay sa yo. Non! Li...

189 Bondye te fè yon konpayon pou ede lòm, pa yon tapi devan pòt pou siye pye. Sonje, li se...Li te cheri ou; li ta dwe toujou sa.

430. Kilè epi ki kote pèp Bondye an pral rasanble pou dènye Pawòl Ia?

190 Nan Kris. Wèp! Pou dènye jou an, y ap rasanble nan Kris. Pa blye sa kounye a. Nou gen yon plas pou rasanble; nou genyen I jis egzakteman.

431. **Yo rele nou...(Kounye a, men kesyon sa a lòt jou an.) Yo rele nou zwazo ki pa pwòp, paske nou al nan legliz Junior Jackson. Pafwa paske nou avèk...Li pa konfòme I ak novo règ legloz lan isi a nan legliz la. Èske nou andeyò volonte pafè Bondye a poutèt nou patisipe la a pafwa?**

191 Non, mesye! M kwè Junior Jackson se yon òm de Dye. M te deja eksplike sa. M kwè...

192 Bon, nou pa dakò sou lòd legliz la. Kounye a, m kwè ke Junior—Junior...Poukisa li...Konbyen moun ki conn Junior Jackson? Enben, nou konnen nonm sa a se yon òm devwe pou Bondye. Li kwè Mesaj sa a jis menm jan avè m, epi li kwè bagay sa yo. Franchman, Junior avè m se jis zanmi, jis tankou rès nan mesye sa yo isi a, J. T., ak—ak Frè Ruddell, ak Frè Jackson, ak Frè Beeler, ak tout frè sa yo isi a; nou tout, nou ansanm. Kounye a, nou pa...te ka pa wè jis je nan je menm jan (ou wè?), men nou kwè menm Mesaj sa a (ou wè?), e nou rete ansanm. Men Frè Hume bò la a tou, yon misyonè, epi o, tèlman anpil moun diferan, mwen...Pafwa m pa menm rive rele yo ak non yo, men ou—ou conn sa m vle di tout jan, frè. Sèten.

Ou ta vle rale kò w nan fè swen enfimye...

193 M te mande sa a. Sonje? Se yon chè sè ki gen tandrès ki te vle konnen sou fè swen enfimye.

Lè m te piti, m te...te di tout moun ke m te vle yon predikatè. (M te pran sa. M te pran sa tou.) **Alò kisa I ta dwe fè sou jodi a?**

194 Ebyen, sa se yon lèt de yon—yon minis kap travay pou Kris, se pa...Se jis yon lèt pèsonèl pou mwen. Se de Frè Pa Tyler, youn nan frè nou yo isi a nan legliz la.

Se yo tout. Mèsi Seyè. M rekonesan pou noumenm moun yo. M jis pran...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.]

...se youn,

Konfò nou ak sousi nou.

195 Mande m si Sè Wilson toujou nan bildin lan? M te wè l isi a. Ou konn kisa m tap fè sa fè yon moman, Sè Wilson? M tap gade foto yo lè nou te poze wòch ki nan kwen an. M te gade sou foto an epi m te wè Hope avè m anvan nou te marye. M pat menm konnen ke...M sonje m wè yon foto lè m sot nan youn nan konba m yo, lè m te genyen chanpyona an. Te gade foto mwen lòt jou swa an lè m te gadchas pou leta isi a nan Indiana. Epi m panse a legliz la. Nou konnen, m panse pa rete plis ke yon moun de gwoup sa a isi a, aswè a. Konbyen moun isi a ki te nan tan nou te poze wòch nan kwen an anvan la a nan kòmansman an? Leve men nou.

196 Frè m, Sè Wilson, m vle nou—mande nou de on bagay. Sonje kijan nou tout te kòmanse? Sonje vye planche an lè li te plen ak labou? Te gen vye fenèt ki te souke. Nou te gen katreven santim pou kòmanse l. Yon gwo pil move zèb, tout sa a se te yon bwa tankou dèyè nou isi a lè nou te batil, tabènak la.

197 Gade nou tout ki te fè vè nou epi te mache bò lotèl la. Nou te wè yo vini epi ale, youn pa rapò ak lòt. Èske nou te remake kimoun ki te rete ak Mesaj la, kijan yo tale? Kounye a, panse a sila yo ki te elwaye de Mesaj la, kijan yo tale. Panse a sa.

198 Apa nou aswè a, apre tout gwoup sa a de twa fwa sa nou gen isi a kounye a nan reyinyon ki pi plen nou yo. Panse a sa, lè otobis eskolè tap pake tout la a nan tout peyi an isi

a soti nan tout viwonn lan tout kote, monte desann sou tout teren sa a. Menm sak te twòp nan tant yo ki te enstale anndan la a pou okipe sa, epi nou te toujou pa ka menm enstale moun yo pyès kote, ransanble. M te jis yon ti gason predikatè. Ou wè? E nan milye sa yo ke nou te genyen, gen twa nan nou ki rete anndan isi a aswè a.

199 M sonje Sè Wilson la a lè yo te rele m bò kabann li kap mouri ak Tibèkiloz, ap fè emoraji, jouk dra ak sak zòrye te lonje, plen san, nan kwen an. M sonje Sentespri an kanpe san an. Kèk jou apresa m te batize I nan Rivyè Ohio nan dlo glase nan Non Jezikri, epi mete I nan dèyè machin louvri m lan, yon vye ti roadster, epi te kondwi I de Utica...Èske se pa vre? De...[Sè Wilson pale ak Frè Branham—Editè a.] Ya! Sè Hope, madanm mwen, sè la a, te nan ban devan yon ti roadster, epi manman m ak Sè Snelling sou dèyè. M gen foto yo, Sè Snelling, Manman, ak tout, Madam Weber, Madam...bèl mè mwen, nou tout anba la a, ak Meda, jis yon ti bout fi kanpe la a, e kounye a, madanm ak cheve gri. [Yon sè pale ak Frè Branham—Editè a.]

200 M sonje lè yo te gen yon ti jounen charite pou n gen premye lajan nou. Epi m sonje Hope ki kanpe nan kwen an. Li te jis yon ti fi, apeprè sèz an; li tap vann kon sa, ap kenbe etikèt sa a. Ba yo yon etikèt. Ou te ka mete...

Yon moun sou desann nan lari an; li te di: "Eskize m, madmwazèl!" Te di: "Kisa w ap vann?"

Te di: "Anyen. Kidonk m ba w etikèt sa a." Te di: "Se yon don pou legliz la. Si w vle mete yon bagay anndan isi a pou yon don, n ap eseye jwenn ase lajan pou bati yon tabènak pou...nan vil la." Te di: "Si w vle mete nenpòt bagay, ou kapab, men si..."

Te di: "M pa gen anyen."

Te di: "Pran yon etikèt kanmenm." Li te pran epi te gade li. Sou yon bò sa te di—te di—te di: "Ki kote w ap pase Letènité?" Epi sou pwochen bò an te gen yon pwendentèwogasyon. "Ki kote w ap pase Letènité?" Yon kesyon.

Li te mache tounen de bò, te gade li; li te di: "Madmwazèl, w ap poze yon kesyon seryel!"

Li te di: "Men li dwe regle!" Se vre. L al pi lwen rido an aswè a. M sonje dènye mo li te di. M sonje kisa m te di l; m sonje sa. Wi, mesye!

201 Anpil dlo te desann nan rivyè a. Nou te konn kanpe anba... Epi anvan nou te menm gen yon legliz, nou te konn kanpe epi kenbe men epi chante chante sa a isi a. M ka jis tande li. Myrtle te jis yon ti bout timoun lè sa a. M gen foto ti Leroy ki kanpe deyò la a, jis tankou yon ti bout timoun piti.

Beni lyen an ki mare

Kè nou nan lanmou Kretyen;

Fratènite lespri ki sanble

Se tankou sa ki anwo a.

202 Lè nou chante sa gen anpil nan yo kap tann laba a pou vini Li.

...hou separe,

Sa ban nou lapèn andedan; (Èske nou renmen youn lòt kon sa?)

Men nou va toujou reyini nan kè,

Ak lespwa pou kontre ankò.

203 Frè Fleeman, ou pre la a, pa vre? M tap jis panse, m te konnen w lè nou tal kay Frè Roy. Ou sonje lè Adocks? M gen Kenneth. Ki te non sè li? [Frè Fleeman pale ak Frè Branham—Editè a.] M gen foto yo; nou tout te kanpe deyò la a ak bra nou antoure youn lòt, fè tou devan plas la, Dr Roy E. Davis, pastè. M tap gade yo sa fè on moman. Doc te pote ansyen foto yo la a. On jan fè m santi m vrèman dwòl anba isi a. Kounye a ke...anpil nan yo tale (ou wè?—tale. Sa pap pran lontan jouk se nou ki ale. Ou wè? Men...

Men lè nou separe,

Sa ban nou lapèn andedan;

Men nou va toujou reyini nan kè,

Ak lespwa pou kontre ankò.

204 Èske nou sonje Frè Bosworth? Jis anvan li travèse, li te leve nan chanm lan, te mache travèse planche an, epi te bay lanmen ak papa l, ak manman, ak konvèti l yo nan Kris. Karant an, yo te mouri sa te fè karant oswa senkant an. Li te wè yo kanpe la a nan chanm lan, ap eseye fè tout moun wè yo. Kisa l te ye? Vye granmoun lan tap pase nan peyi sa a kote m te ye nan vizyon an jou maten sa a. Se vre.

205 M te wè yo lòtbò la a; yo te jenn ankò. Nou te toujou reyini nan kè; nou espere rankontre ankò. Se vre. Bondye beni nou.

206 M te rive gade dèyè nan bildin lan, ap pale sou zanmi nwa m yo, epi mwen wè Frè ak Sè Nash ki chita dèyè la a. M pat konnen nou te la a. Jis rive gade dèyè; yo te dèyè nèt. Epi lòt frè sa a ki chita isi a...Èske se frè ki ban mwen gran gwo rèl sa a dèyè la a tanzantan, ki chita bò isi a? M pa ka sonje non li. Frè Wood te di li tap pale avè l. Li te di: "Ou konnen? Lè Lespri an frape m, m dwe rele 'Ey!'" Te di: "M espere m pa deranje anyen." Lè w pa rele "Ey!" sa deranje m. Bondye beni w. M renmen nou frè, sè. Se vre.

207 Frè Nash, Sè Nash, nou konnen m renmen nou. Wi, mesye! Nou se frè m ak sè m nan Kris Jezi.

208 Chè zanmi ak tandrès, ak nenpòt lòt, si m rate kèk nan yo, pòt sa yo louvri isi a pou nou. Pòt Syèl lan ap louvri tou.

Men nou va toujou reyini nan kè,

Ak lespwa pou kontre ankò.

Lafwa M Gade sou Ou, kounye a, antan nou chante. Ann chante yon fwa ankò kounye a. Li tan pou n ale lakay kounye a.

Lafwa m gade sou Ou,

Ayo Kalvè Ou,

O, Sovè diven!

Kounye a tande m pandan m priye,

Retire tout peche m,

O kite m depi jou sa pou m pou Ou an antye!

Ann eseye Sen, Sen sa a ankò, nou vle? Ban nou yon akò, Sè. "O..." Nou konnen li?

Nou sonje lè Sè Gertie avè yo te konn chante li?

209 Jou ap mouri nan Iwès, Syèl te beni latè; latè beni. Ala m renmen kouche solèy aswè an, ap desann, zwazo yo ap fè dènye apèl yo. Sa dwe vini pou chak gress nan nou lè sa a. M panse tan aswè sa a... Èske nou te janm remake, van an ap sispann soufle; zwazo yo ap pe. Ou wè? Se mond lan kap mouri, jou an ap mouri pou l ne de nouveau demen maten. Trè byen, ann eseye l kounye a si nou kapab.

Sen, Sen, Sen, Seyè Bondye ki pi Pwisan.

Lee, monte isi a yon minit. M—m—m kwè ke mwen—mwen pa panse m konnen l nan melodi sa a. Kite m eseye l san mizik la. Ou wè? Ann wè si nou ka genyen l. Kounye a, mwen konnen... M te ka twonpe m sou li. Ou wè? Ede m kounye a, chak gress nan nou, kounye a.

Sen, Sen, Sen, Seyè Bondye pi—ame!

Syèl ak latè plen avè W;

Syèl ak latè ap louwe W,

O, Seyè ki pi wo! (Nou renmen sa? Èske sa pa fè nou on bagay? Ann eseye l ankò!)

Sen, Sen, Sen, Seyè Bondye ki pi wo!

Syèl ak latè plen avè W;

Syèl ak latè ap louwe W,

O, Seyè ki pi wo!

210 M renmen sa, pa noumenm? O, m jis renmen vye bon chante sa yo. Gen yon bagay sou chante sa yo ke m renmen. Nou ka gen tout ti chante dekoupe nou ke nou vle yo. Ban m sa a; m renmen sa a. *Pase Vwal ki Chire an*, tout lòt bèl chante sa yo kon sa; m renmen chante sa yo. M panse chante fè pati de adorasyon (wi, mesye!), chante louwanj Seyè an.

211 Trè byen, pou voye ale nou an, kounye a, chante, se *Pran Non Jezi a Avèk Ou*. Ke Seyè an beni nou kounye a antan nou kanpe.

Pran Non Jezi a avèk ou,

Pitit chagren ak malè;

L ap ba ou lajwa ak rekondò,

O, pran li tout kote w prale.

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Kounye a men kouplè m renmen an, e se yon avètisman pou nou tout kounye a. Kisa pou fè?

Pran Non Jezi a avèk ou,

Tankou yon pwotèj kont tout pyèj; (Koute!)

Lè tantasyon sanble nan viwonn ou, (Kisa w dwe fè?)

Jis pran souf Non sen sa a nan priyè.

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Annou koube tèt nou kounye a.

Jouk nou rankontre, jouk nou rankontre,

Jouk nou rankontre nan pye Jezi; (Jiskaske nou rankontre.)

Jouk nou rankontre,...

[Yon moun di: “Èske w vle sonje m nan lapriyè?”—Editè a.] Seyè Jezi, beni chè frè m lan, epi geri l kounye a nan Non Jezi. Akòde l, Seyè.